

Тэрч къыщалъхуа зауэлI хахуэ

2-нэ нап.



«IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

Зэманым упхыплъыжмэ...

4-нэ нап.

Зэчий зыбгъэдэлъ бзылъхугъэм и усэхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№45 (24.795) • 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 15, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Ди щIалэхэм зыщIагъакъуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ Ипщэ дзэ округым хыхьэ 58-нэ армэм и 42-нэ мотострелковэ дивизэм и 70-нэ гвардейскэ мотострелковэ полкым и командирым. Ар зи унафэщI гупыр дзэ Iуэху хэхам хэтщ абы зэрыщIидзэрэ.

ПОЛКЫМ и мащIэкъым ехъулIэныгъэкIэ зэфIигъэкIа пщэрылъхэр. Абыхэм ящыщщ Работинэ жылэр хуит къэщIыжыным хуэунэтIауэ илъэскIэ узэIэбэкIыжмэ Запорожскэ фронтым щекIуэкIа зауэ гуащIэхэр. Полкым хэтхэм ящыщу 12-м «Урысейм и ЛIыхъужь» цIэр къыхуагъэфэщащ, абы къулыкъу щызыщIэхэм къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ къапэкIуэу псори зэхэту орденрэ медалу минитхум щIигъу кърагащ.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ 1943 гъэм и бжьыхьэм 42-нэ гвардейскэ фочауэ дивизэр Мелитополь деж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм зэрыхэтар. Абы щыгъуэ ди зауэлIхэм Днепр псым и сэмэгурабгъу Iуфэм деж зыщызыгъэбыда фашистхэм хэщIыныгъэшхуэ иратащ, къанэ щымыIэу зэтраукIащ. Ноби, илъэс 82-рэ дэкIауэ, жырым къыхэщIыкIа цIэр зыфIаща 42-нэ дивизэм фашистхэм бэнэныгъэ гуащIэ щадрегъэкIуэкI Днепр и сэмэгурабгъу псы Iуфэм. Бийр аргуэру зэрызэхакъутэнури бэянщ.

Зауэм щыIуткIэ, командирым жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ къыдэхуэ полкым къыщекIуэкI псомкIи. Iуэхум и пIалъэ зэрищIэм и сэбэп къыщокIыж мыбдежым - абы дзэм къулыкъу щищIащ, Куржым, Сирием щекIуэкIа зауэ зэпэщIэтыныгъэхэм хэтащ.

Командирым и дамыгъэ куэдым ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр. ПщIэ зыхуегъэщI офицерыр къыхиха IэщIагъэм зэрыхуэпэжым, Хэкум и хъумакIуэу щытын зэрыхуейр хьэкъыу зэрыпхыкIам, Урысейр зэрытекIуэнум шэч къызэрытримыхьэм.

Республикэм и Iэтащхьэмрэ командирымрэ тепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэм защIэгъэкъуэным, абыхэм ерыскъыпхъэхэр, зыхуеину хьэпшыпхэр, хущхъуэхэр, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр, автотранспорт яхуегъэшэным пыщIахэм.

Ди зауэлIхэм зыщIагъэкъуэну хуейщ республикэм щыпсэу куэдым, апхуэдэ лэжьыгъэ муниципалитетхэм, IуэхущIапIэхэм зэпымыууэ щокIуэкI. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ псом я дежкIи.

ЕхъулIэныгъэ инхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм Космонавтикэм и махуэмкIэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.



«1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м Гагарин Юрий «Восток» хьэрш кхъухьым ису Байконур космодромым телъэ тыкIащ. Абы зы сыхьэтрэ дакъикъэ 48-кIэ къилъэтыхьащ, а зэманым къриубыдэу «Восток»-р ЩIым зэ хъурейуэ къекIуэкIри, Саратов щIыналъэм щетIысэхыжащ. Хьэршым зэрылъэтам папщIэ, лейтенант нэхъыжь Гагарин Юрий хуагъэфэщащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр.

Совет космонавтым и лIыгъэр щIэдзапIэ хуэхъуащ хьэршым епха къэхутэныгъэхэм заужьынымкIэ. ИкIи, илъэс 64-рэ зэрыдэкIыжам хуэдэу, щIэныгъэмрэ техникэмкIэ зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм ар нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ къонэж. ИужькIэ Марсым, Венерэм кхъухьхэр лъэтащ, Мазэм цIыхур щетIысэхащ, орбитэ станцхэри, нэгъуэщI куэди къэунэхуащ. Ауэ япэу а гъуэгур хэзышар Гагарин Юрийщ!

А махуэм дэ дигу къыдогъэкIыж совет, урысей щIэныгъэлI, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, ди хэкуэгъу Энеев Тимур Мыхьэмэт и къуэр. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр къагъэсэбэпащ япэу цIыхур хьэршым ягъэлъэтэну, абы шынагъуэншэу ЩIым къызэригъэзэжыным теухуа унафэ къыщащтэм. Энеев Тимур ракетэ-хьэрш техникэ унэтIыныгъэм и лъагъуэхэшщ, абы и къэхутэныгъэхэм ноби мыхьэнэшхуэ яIэщ.

Тэрч районым хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм щыщ Ащхъуэт Людмилэ и цIэр куэдрэ къэIуакъым, ауэ бзылъхугъэм космонавтикэмкIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 50-м нэблагъэ иригъэкIуэкIащ. Гагарин Юрий деж щегъэжьауэ, космонавтхэм я гъащIэр хьэршым къыщызэгъэпэщыным теухуа проектыр зи унафэ щIэтар аращ. А бзылъхугъэрщ пIалъэ кIыхькIэ хьэршым щыIэ космонавтхэм я шхыным и технологиер зэхэзыгъэувар. Нобо абы къыхилъхьа Iуэхугъуэ куэдыр IэнатIэм къыщагъэсэбэп.

Космонавтикэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу, псом хуэмыдэу сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ, ехъулIэныгъэ лъагэхэр, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ текIуэныгъэхэр фиIэну, фи адэ-анэхэмрэ фи хэкуэгъухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм хуэгъэзауэ зэфIэфх IуэхуфIхэм иригушхуэну!» - щыжеIэ республикэм и УнафэщIым и хъуэхъум.

• ЛIыгъэм и дамыгъэхэр

Вагъуэ Плъыжь орденыр

Совет къэралыр зауэ икIи мамыр зэманхэм хъумэным, къэрал шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьахэм папщIэ ягъэува дамыгъэщ. Ар хуагъэфащэрт Дзэ Плъыжьым, Дзэ-Тенджыз флотым, гъунапкъэхъумэ, къэрал кIуэцI дзэхэм хэтхэм, СССР-м Къэрал шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и комитетым и лэжьакIуэхэм, дзэпакIэхэм, дзэ кхъухьхэм, дзэ зэгухьэныгъэхэм, IуэхущIапIэхэм.

АПХУЭДЭУ Вагъуэ Плъыжь орденыр хуагъэфэщэнкIэ хъунут хамэ къэралхэм щыщ, зи хахуагъэрэ лIыгъэкIэ къыхэща зауэлIхэм. Дамыгъэр СССР-м и Гъэзэщ IакIуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэкIэ 1930 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м ягъэуващ, ар зэрызэрахьэ щIыкIэм епха унафэхэр 1930 гъэм накъыгъэм и 5-м къащтащ.

Вагъуэ Плъыжь орденыр дыжьыным къыхэщIыкIащ, бзиитху къызыхэкI вагъуэ теплъэ зиIэ дамыгъэщ. Вагъуэм налкъут плъыжьым и плъыфэр къызыщIыхьэ лапхъэ телъщ. Дамыгъэм курых хуэхъу мэIур дыжьыным къыхэщIыкIащ. Зи лъэгур зэфэзэщу джафэ медальоным ику дыдэм хуэзэу Дзэ Плъыжьым и зауэлIым и теплъэр итщ. Абы шинель щыгъщ, мыжурэ зыфIэс фоч IэщIэлъщ. МэIум миллиметрищкIэ зэпэщIэхауэ уэрдыхъу псыгъуэ тIуащIэ къыдокIуэкI. Абыхэм я зэхуакум «Дуней псом и гуащIэрыпсэухэ, фызэгухьэ!» псалъэхэр тетщ. Уэрдыхъу лъабжьэм «СССР» хьэрфхэр ину къыхэIущIыкIащ. МэIу лъабжьэм гъубжэмрэ уадэмрэ я теплъэр тетщ. Дамыгъэм тет мэIуми, зауэлIым и теплъэми, тхыгъэхэми, гъубжэми, уадэми, вагъуэ бзийхэм ябгъухэми дыжьыныр зыхъумэ оксид щыхуащ.

Вагъуэм зэпэщIэту хэт папцIапIэхэм я зэхуакум миллиметр 47-50 дэлъщ (къыщыдэкIа илъэсым теухуауэ). Дамыгъэм ику дыдэм къыщегъэжьауэ абы къыхэкI дэтхэнэ вагъуэми и папцIапIэм нэс миллиметр 26-27-рэ дэлъщ. Апхуэдэу орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэзхэр къыхэщ къудейуэ уэрдыхъу псыгъуэкIэ къэщIыхьащ, ику дыдэм хуэзэу дыжьын лъакъуэ цIыкIу къыхокI. АбыкIэ ар зауэлI фащэм хаIуантIэ.

Вагъуэ Плъыжь орденыр дыжьыну хэлъыр грамм 27,162-рэ мэхъу. И хьэлъагъыр псори зэхэту грамм 33,250-рэ иро къу.

Дамыгъэм данэ щэкI Iувым къыхэщIыкIа амгущ щIыгъущ. Абы нэгъуэщI плъыфитI хэлъщ: лъэгур плъыжьыфэщ, абы ику дыдэм хуэзэу кусэ щхъуафэ итщ. Амгущым и бгъуагъыр миллиметр 24-рэ, лъагагъыр миллиметритху мэхъу.

Дзэ Плъыжьым и Хабзэм 1935 гъэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьэм, орденым тет зауэлIым и теплъэри яхъуэжащ. Абы и нэгур япэщIыкIэ къеплъым хуэгъэзауэ щытащ, 1936 гъэм къыщегъэжьауэ ар бгъукIэ, ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ гъэзащ.

Вагъуэ Плъыжь орденыр зауэлI фащэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ хаIуантIэ, зыхуагъэфэщам нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, Хэку зауэшхуэм и орденым и етIуанэ нагъыщэм иужькIэ халъхьэ. 1943 гъэм и гъэмахуэ пщIондэ зауэлI фащэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ халъхьэу щытащ.

Дамыгъэр зы цIыхум зыбжанэрэ хуагъэфэщэнкIэ хъунут. Апхуэдэу ар хэнейрэ цIыхуихым, тхуэнейрэ цIыху 30-м, плIэнейрэ цIыхуи 150-м, щэнейрэ цIыху миным щIигъум иратащ. Псори зэхэту Вагъуэ Плъыжь орденыр хуагъэфэщауэ цIыху 3 876 740-м я цIэ кърaIуащ.

УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1992 гъэм гъатхэпэм и 2-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, Вагъуэ Плъыжь орденыртын щагъэтащ.

ТАБЫЩ Мурат.

Гум илъынущ

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гуауэ щыхъуауэ яхуэгузэвэщ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIу:

- ИЛЪЭС 86-м иту дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ сурэтыщI, Художествэхэмкlэ Урысей академием хэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин Исмэхьил и къуэр.

Ди лъахэгъу зэчиифIэм, Шэджэм щIыналъэм къыщалъхуам, и творчествэм щыгъуазэщ дуней псор, абы и сурэтхэр щахъумэ Къэрал Третьяковскэ галереем, Москва Иджырей гъуазджэмкIэ дэт музейм, Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и фондым, Урысейм и Художественнэ фондым, хамэ къэралхэм щыIэ музейхэм, унеи сурэт гъэтIылъыгъэхэм.

КIыщ Мухьэдин, шэч хэмылъу, хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ гъуазджэм зегъэужьыным. И лэжьыгъэхэр абы хуигъэфэщащ зэкIуныгъэм, дахагъэм, псэкупсэ лъапIэныгъэхэм. Абы и гупсысэхэр хуэгъэпсат икIи лэжьыгъэ куэд тыхь хуищIащ Хэкум, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, абыхэм къадекIуэкIа хабзэхэр, тхыдэм къыхэна къэхъукъащIэхэмрэ иджырей Iуэхугъуэхэмрэ тегъэщIапIэ ищIу.

Иужьрей илъэсхэм Мухьэдин Исмэхьил и къуэр Испанием щыпсэуащ. Абыи щыщIалъхьэжынущ.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сахуогузавэ КIыщ Мухьэдин Исмэхьил и къуэм и благъэхэмрэ и Iыхьлыхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэм ящыщым и фэеплъыр сыт щыгъуи ди гум илъынущ, - щыжеIэ республикэм и Iэтащхьэм и телеграм-каналым.

• Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Лъэпкъ лъапIэныгъэхэр ягъэнэхъапэ

Лъэпкъ Iуэхум гъунэ зэримыIэм, дунейм тепхъа адыгэ жылэм и пащхьэ жэуап зыгъуэтын хуей упщIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэриувэм и щыхьэтщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым мазищ къэс иригъэкIуэкI зэIущIэхэр. Хэкум ис адыгэхэм я щыIэныгъэр зыубзыху къэрал хабзэхэр хамэщIым щыIэ ди лъэпкъэгъухэр зыхэпсэукIхэм къазэрыщхьэщыкIым и мызакъуэу, а къэралыгъуэхэр дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэ зэщымыщхэм зэрабгъэдыхьэр зэтехуэркъым, хуаIэ еплъыкIэхэр зэхуэдэкъым.

А ПСОР къэплъытэнри зэблэгъэкIынри тыншкъым - зи лъэпкъ Iуэхур дэзыгъэкIыну хущIэкъу адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэхэм лъэныкъуэ псоми я унафэ щхьэпэ къызыхэкIын зэIущIэхэр зэхашэн хуей мэхъу. Апхуэдэ зи чэзу зэхуэсыр иджыблагъэ Налшык къалэм махуитIкIэ щызэхэтащ. Абы кърихьэлIащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. Апхуэдэу зэхуэсым пэIудзауэ хэтащ Тыркум, Европэм и къэралхэм, Иорданием, Сирием щыIэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэмрэ Iуэхузехьэхэмрэ.

ДАХ-м и зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмрэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI **Хьэсанэ Аслъэн**, КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч**, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм икIи хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къыщызэIуихым, Хасащхьэми Гъэзэщ IакIуэ гупми иужьрей мазищым къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIахар къыхигъэщащ, абыхэм арэзы уатехъуэну зэрыщытым и гугъу ищIащ, ауэ къэувыIэ зэрымыхъунур, нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ лэжьэн зэрыхуейр къыжиIащ.

- Псоми къыдгуроIуэ - лъэпкъ Iуэху дэбгъэкIыныр тыншкъым. Ди пащхьэ къиувэхэм ягъуэтыпхъэ жэуапыр псынщIэу къыщытIэрыхьи, кIыхьлIыхь щытфIэхъуи щыIэщ. Псори зэлъытар дунейм щекIуэкI Iуэхухэм я закъуэкъым, атIэ абыхэм къэралхэм хуаIэ еплъыкIэми гуэх имыIэу епхащ ахэр. Ди щIыналъэр къапщтэмэ, гупыж зыхудиIэ лэжьыгъэ куэд екIуэкI дзэ Iуэху хэхам щхьэкIэ япэ тхуимыгъэщу къонэ - псэзэпылъхьэпIэм ит ди щIалэхэм я гъащIэм нэхъапэ щыIэкъым. Ауэ, сыт хуэдэ гугъуехь къытхуэкъуэмыкIми, ди лэжьыгъэр лъэпкъыу дунейм дызэрытетыным, къытщIэувэ щIэблэр гъуэгу захуэ зэрытедгъэувэным, адыгэ гупсысэр лъэ быдэкIэ зэрыдгъэувыным епхащи, тхуэзэфIэкI дымыщIэу хъунукъым. Ди зэхуэсым хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къримыхьэлIэфами, зым жиIэр адрейм зэхихын хуэдэу дгъэпсащи, дыщогугъ пэIудза IэмалхэмкIи ди гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ дызэдэгуэшэну, ди гупсысэхэмкIэ дызэлъэIэсыну. Фыкъеблагъэ! - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

• Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Мэкъумэшыщ Iэхэм я зэхуэс

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Аруан щIыналъэм хыхьэ Чернэ Речкэ къуажэм дэт «Шато-Ерчэн» быдапIэм махуитIкIэ щекIуэкIащ Урысей Ипщэм и щIыналъэхэм я мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэс.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и департаментым, УФ-м и «Лъэпкъ фермер» зэгухьэныгъэм, Кавказ Ищхъэрэм жыг хадэ гъэкIынымкIэ и институтым, КъБР-м и къэрал мэкъумэш университетым, КъБКъУ-м, Хьэмдэхъу Башир и цIэр зезыхьэ мэкъумэш-промышленнэ колледжым я лIыкIуэхэр, КИФЩI-м и мэкъумэш IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэр, нэгъуэщIхэри.

Гъэлъэгъуэныгъэм и утыку кърахьащ Урысей Ипщэм и щIыналъэхэм жыг хадэ гъэкIыным ехьэлIауэ къагъэсэбэп технологие пэрытхэр, иджырей мэкъумэш техникэщIэхэр, щIыгъэпшэрхэр, жыгыщIэ лъэпкъыфIхэр, къэкIыгъэхэм, Iэщымрэ джэдкъазымрэ папщIэ хущхъуэщIэхэр, нэгъуэщI продукцэхэри.

ЗэIущIэм хэтахэм Iэмал яIащ зэпсэлъэну, зэрызэдэлэжьэнум ехьэлIа зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэну, я продукцэхэр щыпхагъэкIын щIыпIэхэр къагъуэтыну, мастер-классхэм хэтыну, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэхъуэжыну.

ХьэщIэхэм лъэпкъ шхыныгъуэхэр къыхуаIэтащ, гукъинэж джэгухэр хузэхашащ. ЗэIущIэм и кIэм «Фермер нэхъыфI» зэхьэзэхуэм щытекIуахэр саугъэт лъапIэхэмкIэ ягъэпажащ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Лъэпкъ лъапIэныгъэхэр ягъэнэхъапэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ДАХ-м и лэжьыгъэм щIидзэн ипэ къихуэу, Сэхъурокъуэ Хьэутий адыгэ щэнхабзэм хэщIыныгъэ зэригъуэтам, лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыху зыбжанэ зэрыфIэкIуэдам и гугъу ищIащ. «Лъэпкъыу дыщызыгъэIэр ди цIыху пэрытхэм къакъуэкI лъэкIыныгъэращ. Абы хэлъ дахагъэмрэ къабзагъэмрэщ адыгагъэм и купщIэр цIыхухэм я деж нэзыхьэсыр. Псэ къабзэ яIэу, зэхэщIыкI куу ябгъэдэлъу, гупсысакIуэу къытхэтащ нэгъэсауэ цIыхубэ сурэтыщIхэу, жылагъуэ лэжьакIуэхэу, адыгэлIу щыпкъэхэу дунейм тета Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд, ПэтIуащ Феликс, КIыщ Мухьэдин сымэ. Адыгэм и цIэр лъагэу зыIэта ди щIалэхэр здэкIуэжа дунейр нэхъыфIу Тхьэм къахуищIигъэкI, увыIэпIэ дахэ Тхьэм къарит», - жиIащ тхьэмадэм.

Дунейм ехыжахэм я цIэкIэ зэIущIэм кърихьэлIахэм дыуэ ящIащ, дакъикъэкIи яхуэщыгъуащ.

АдэкIэ ДАХ-м и тхьэмадэм псалъэ зрита Къумал Заурбэч зэIущIэм хэтхэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ, лэжьыгъэфI къызэрырахьэлIэнум шэч къызэрытримыхьэри къыхигъэщащ: «Уэзрыгушхуэн икIи ущIэпэгэн лэжьыгъэ купщIафIэ куэд кърехьэлIэ ДАХ-м. Абы ди лъэпкъым ифI зыхэлъхэр зэрыпхигъэкIын, къэрал куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зэрызэришэлIэн Iэмалхэр къелъыхъуэ икIи ахэр гъащIэм гъэщIэгъуэну хепщэ. Адыгэ Iуэхур зэи утыку икIыркъым, нэхъыжьи нэхъыщIи иропсалъэ. Абы къикIыр гурыIуэгъуэщ - дызэрыщыIэнумрэ зызэрытхъумэжынумрэ дигу илъу дыкъокIуэкI. ДАХ-м и зэIущIэм кърихьэлIахэр цIыхухэр зыгъэпIейтей куэдым фропсалъэ, унафэ тывощIыхьри, зи ужь фит Iуэхур мытыншыр къывэхъулIэну си гуапэщ. КъБР-м и Парламентым хэтхэм къабгъэдэкIыу Iуэху махуэ ефхьэжьэну сывохъуэхъу», - жиIащ абы.

Псалъэм къыпызыща Сэхъурокъуэм ДАХ-м зэфIигъэкIа лэжьыгъэм, къыхилъхьа жэрдэмхэм я гугъу ищIащ, видеотеплъэгъуэхэмкIэ щIигъэбыдыхьыжурэ, Хьэутий тепсэлъыхьыжащ ДАХ-р 2025 гъэм и щIышылэ - мэлыжьыхь мазэхэм зыхэта Iуэхухэм. Абы къищынэмыщIауэ, къыхигъэщащ Урысейм щызэхаша зэIущIэ зыбжанэм зэрыхэтар.

- Псом япэ къыхэзгъэщыну сыхуейт КъБР-м и Iэтащхьэм деж щылажьэ, Щэнхабзэ-псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэныымрэ зегъэужьыныымкIэ Советым и лэжьыгъэм дызэрыхэтар. Дызэрыщыгъуазэщи, УФ-м и Президентым 2022 гъэм щэнхабзэ-псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ къэралым щекIуэкIыну политикэм и лъабжьэр игъэтIылъащ. Абы къыщылъытащ Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм къызэдащтэн хуей Iуэхугъуэхэри щIыпIэхэм щыпсэу лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къадекIуэкI щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр къэIэтын зэрыхуейри. Абы тепщIыхьмэ, мы хэгъэгум и щIыдэлъху лъэпкъхэм узэрыгушхуэн Урысей Федерацэм икIи къызэрымыкIуэу щхьэпэ хъун фIыгъуэ куэд яIэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, ди лъэпкъыр дуней псом къыщацIыхуащ и Адыгэ ХабзэмкIэ. Абы къызэщIиубыдэ лъапIэныгъэхэр дищIэблэм бгъэдэтлъхьэфмэ, къэрал политикэм и IыхьэфI дгъэзэщIауэ жыпIэ хъунущ. ДАХ-м ди къалэным хохьэ лъэпкъ хабзэхэр мыужьыхыжу щIыпIэхэм къызэрыщаIэтыжынум ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр едгъэкIуэкIыныр. Арыххэми, къыхэтлъхьэ жэрдэмхэр зыхуэунэтIари аращ, итIанэми блэжь хъун щыIэщ. Советым дыкъыщыщыпсалъэм къыхэдгъэщар лъэпкъ щэнхабзэм къигъэув Iуэхугъуэхэм гъуэгу ягъуэтынымкIэ едгъэкIуэкIхэрщ, ахэр зэрыдгъэзащIэ щIыкIэрщ.

Апхуэдэу дэ дыхэтащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм ирагъэкIуэкIа коллегиехэм, КъБР-м и Жылагъуэ зэхуэсым и зэхыхьэхэм, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ щIыналъэхэм щызэхаша зэIущIэ зыбжанэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ жэрдэмхэм, КIыщокъуэ Алим дунейм зэрехыжрэ илъэс 24-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIа дауэдапщэхэм, композитор ХьэIупэ Джэбрэил и пшыхьым, усакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ и махуэщIым, нэгъуэщI куэдми. Дэнэ дыкIуами, дэ дытепсэлъыхьащ ДАХ-м и лэжьыгъэхэмрэ лъэпкъым и гупэр анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ яхуэгъэзэным и IуэхукIэ къыхэтлъхьэ жэрдэмхэмрэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт цIыху щхьэхуэхэми дазэрыIущIар. Апхуэдэу дэ дгъэлъэпIащ жылагъуэ гъащIэм зи гуащIэ езыта, Хэку зауэшхуэм хэта Хьэмдэхъу Мухьэмэдрэ КъБР-м щыщ дин лэжьакIуэ цIэрыIуэ Циканов Мухьэдин-Хьэжырэ. Тlуми я ныбжьыр илъэси 100 ирикъуащ, ауэ я лъэ тетщ, иджыри цIыхубэм зэрещхьэпэн гупсысэрэ гукъэкIыкIэ лъэрызехьэщ.

Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт псэзэпылъхьэпIэм ит ди щIалэхэм деж гъуэмылэрэ щыгъыныгъуэрэ зэредгъэшари, зэрыхъукIэ я унагъуэхэм зэрызащIэдгъакъуэри. Ди щIалэхэр зыIут IэнатIэр гурэ псэкIэ зыхыдощIэ, щIэх я унэ къагъэзэжыну дащогугъ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

АдэкIэ тхьэмадэм Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэм псалъэ яритри, щхьэж и щIыпIэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэм тригъэпсэлъыхьащ, яхуэзэфIэкIамрэ зыхунэмысамрэ я гугъу иригъэщIащ. Апхуэдэу я Iуэху къызэрекIуэкIым тепсэлъыхьащ Адыгеимрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я тхьэмадэхэр.

«ДАХ-р къыщIызэрагъэпэща Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ адыгэбзэм хуэфащэ пщIэр егъэгъуэтыныр, ар хъумэным икIи зегъэужьыным епха лэжьыгъэхэр къыхэлъхьэныр. Къыхэзгъэщыну сыхуейт абы и IуэхукIэ Табыщ Муратрэ Щоджэн Iэминатрэ зыхэт къудамэр хьарзынэу зэрылажьэр. ИрагъэкIуэкI Iуэхухэм къытхутепсэлъыхьамэ, игъуэ хъунут», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Щоджэн Iэминат тепсэлъыхьащ ДАХ-мрэ КъБР-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрымрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща щIэнIуатэм. «Адыгэбзэр зэрырагъэдж Iэмалхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къызэдгъэпэща щIэнIуатэм цIыху 300-м нэблагъэ кърихьэлIащ. Апхуэдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу цIыху 40-м нэблагъэ пэIудзауэ щIэнIуатэм зэрыхэтари. Дэ абы дыщыхущIэкъуащ ди щIыналъэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджхэр нэхъ зыхуэныкъуэну Iуэхугъуэхэр къыщыхэтлъхьэну, ахэр я лэжьыгъэм зэрыхапщэну Iэмалхэр едгъэлъагъуну. Анэдэлъхубзэр еджапIэхэм зэрыщаджым епха къэрал политикэм къыщегъэжьауэ мастер-класс зэмылIэужьыгъуэхэм щыщIэкIыжу IэнатIэм пэрытхэм Iуэхугъуэ зыбжанэ утыкум къитхьащ. Дыщогугъу ахэр абыхэм къещхьэпэну», - жиIащ Iэминат.

Псалъэмакъым къыпызыща Табыщ Мурат и гугъу ищIащ адыгэ хэгъэгухэмрэ хамэ къэралхэмрэ Дунейпсо Адыгэ Iуэрытхыр зэрыщекIуэкIам. Абы и псалъэмакъым къыхэщащ Адыгэ Iуэрытхыр щIыпIэхэм зы махуэм къызэрыщызэрагъэпэщар, абы дамыгъэ хэха зэригъуэтар. «Псом япэу гу лъывэзгъэтэну сыхуейт Iуэрытхыр щатхыну махуэмрэ абы иIэну дамыгъэмрэ ехьэлIауэ блэкIа зэхуэсым и унафэр гъэзэщIа зэрыхъуар. Абы адэкIэ хуиту дигъэбэкъуащ, ауэ иджы фIы хъунт адыгэбзэм и литературэбзэ щапхъитIым иту зы текст къыхэтхыф хъуатэмэ... Iуэрытхыр хьарзынэу екIуэкIащ, абы КъБР-м щыщу цIыху мин 12-м щIигъу хэтащ. АР-ми, КъШР-ми, нэгъуэщI щIыпIэхэми Iуэхугъуэр екIуу къыщызэрагъэпэща хъуащ», - жиIащ Табыщым.

АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирикъунущ мыгувэу. Абы ирихьэлIэу адыгэ хэгъэгухэм щIэнIуатэхэр щрагъэкIуэкIынущ, махуэщI Iуэхугъуэ куэд щызэхашэнущ, курыт еджапIэхэм дерс зэIухахэмрэ зэныкъуэкъухэмрэ къыщыхалъхьэнущ. ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр акъылэгъу ирихьуащ 2025 гъэм МэшбащIэ Исхьэкъ и илъэсу гъэувын хуейуэ къыхалъхьа гупсысэм.

«Лъэпкъ литературэм и жьантIэр зыгъэбжьыфIэ МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэ гупсысэм зиужьынымкIэ хузэфIэкIар къыпхуэмыIуэтэну инщ. Абы нобэми къалэмыр егъэлъащэ, адыгэ тхыдэм дыхуезыгъэпплъэкIыж тхыгъэхэр лъэпкъым и пащхьэ кърелъхьэ. НэхъыжьыфIыр гъэлъэпIэныр дэтхэнэ зы адыгэми ди хьэкъщи, дызэрыт илъэсыр МэшбащIэм и цIэкIэ дгъэувмэ, абы ехьэлIауэ къыхэтлъхьэну жэрдэмхэм къэрал мыхьэнэ яIэнут, цIыху нэхъыбэми зэлъащIысынут. Адыгэ хасэхэм махуэщI илъэсым теухуауэ фиIэ гупсысэхэр къыхэфлъхьэну сыныволъэIу, гукъэкIыр екIуу дэтхыным фыкъыхузоджэ», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЗэпыщIэныгъэхэм я мыхьэнэр нэхъри IупщI мэхъу, ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэблэм хуэгъэзауэ зэрыщытыр къэплъытэмэ. Абы и IуэхукIэ щапхъэ дахэщ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу Хэкум хамэщI щыпсэу адыгэ сабийхэр къызэрашэр. «Иужьрей зэхуэсым къызэрыщыхэзгъэщауэ щытащи, нэгъабэ тщIауэ щыта ди мурадхэр псори дызэрыхуейм хуэдэу зэдгъэхъулIэфакъым, ауэ ахэр зэрымыужьыхынум иужь дитащ. Апхуэдэу мы гъэмахуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуну Тыркумрэ Сириемрэ сабий пщыкIутху-пщыкIутху, Иорданием сабиипщI къитшынущ. Ди программэр гъэнщIауэ щытынущ - адыгэбзэмрэ лъэпкъ IэщIагъэхэмрэ ятеухуа курсхэр, адыгэ джэгухэр, зекIуэхэр хэтынущ», - жиIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министр КIурашын Андзор.

Апхуэдэу зэIущIэм Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 161-рэ зэрырикъум теухуауэ адыгэ щIыналъэхэм щекIуэкIыну дауэдапщэхэм я программэр зэхэгъэувэн, щыгъуэм хуэфащэу екIуу къызэгъэпэщын зэрыхуейм щытепсэлъыхьащ. Накъыгъэм и 21-м екIуэкIыну Щыгъуэ-щIэж хуэIухуэщIэхэм ехьэлIауэ «Адыгэ псалъэ» газетым щхьэхуэу тхыгъэхэр тетынущ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхилъхьа гуIэфIтещIэж жэрдэмым ипкъ иткIэ, Адыгэ Iуэрытхым хэтахэм ДАХ-м и фIыщIэ тхылъхэр иратыжащ. Абыхэм яхэтащ нэхъыжьыфIхэр, егъэджакIуэхэр, ныбжьыщIэхэр. Псори зэхэту гулъытэ ягъуэтащ цIыху 66-м. ДАХ-м и фIыщIэ тхылъхэр абыхэм иратащ щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм и лэжьакIуэхэм.

«ФIыгъуэшхуэщ лъэпкъыбзэр къызыфIэIуэху, абы и IэфIыпIэр щIэблэм я деж нэзыхьэсыжыф цIыху псэемыблэжхэр зэрыдиIэр. Дызыщыгугъыр анэбзэм и къарум нэхъри зиIэтыныращи, абы хуэгъэзауэ екIуэкI лэжьыгъэм и щхьэпэ тлъагъужыну сыщогугъ. Ущызэкъуэтым деж улъэщщ. Дызэкъуэту едгъэкIуэкIа мы Iуэхугъуэ дахэм дызэрыщыгуфIыкIым ещхьу, псоми гуфIэгъуэ къытхудэкIуэну си гуапэщ», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *ейщ.*

Зауэм и бынхэр

Нэхъыжьхэр и чэнджэщэгъут

ЦIыху щыпкъэт, зэпIэзэрытт, зыпэрыхьа Iуэхур тэмэму и кIэм нэзыгъэсыф унафэщI емызэшыжт Ныр Зубер. Ар псэемыблэжу хуэлэжьащ и къуажэгъухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным.

НЫР Зубер Азэмэт и къуэр Къулъкъужьын Ищхъэрэ къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэшхуэм къыхэкIащ: зэкъуэш-зэшыпхъухэр 8 хъурт. И къуэшхэр Хэку зауэшхуэм хэтащ, нэхъыжь дыдэ Назир щыхэкIуэдащ Курск деж.

Зубер 5-нэ классым щIэсу и адэр дунейм ехыжащ, ауэ къыдалъхуахэр зэралъэкIкIэ, къыщхьэщытащ шынэхъыщIэр адэ зиIэм ирамыгъэхъуапсэу. Класси 8-р къиуха иужь, зи щIалэгъуэр зауэ зэманым хиубыда адрей ныбжьыщIэхэм хуэдэу, Нырым колхозым лэжьэн щыщIидзащ. Мэкъу еуэхэм яхэтащ, лэжьакIуэхэр зыхуэныкъуэхэр къахуришалIэу, шыгум исащ, учётчикыу лэжьащ, кIэщIу жыпIэмэ, зауэ нэужь зэманым щыIа гугъуехь псори и фэм дэкIащ.

ЩIэныгъэм пщIэ щыхуащIырт Нырхэ я унагъуэм. 1930 - 1940 гъэхэм абыхэм псоми щIэныгъэ гуэр зрагъэгъуэтат икIи ахэращ къуажэм япэ егъэджакIуэу къыдэкIахэри - Зубер и къуэш нэхъыжь Данил еджапIэм и унафэщIу лэжьащ, абы и щхьэгъусэ Iэнимэрэ и шыпхъухэу Луцэ, Марят, Тамарэ сымэ егъэджакIуэу щытащ. И анэ Лини къыдалъхуахэри хуейт щIалэ нэхъыщIэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну.

1947 гъэм Зубер апхуэдэ Iэмал къыкъуэкIащ: Куба районым цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ щыIэ IуэхущIапIэм и жэрдэмкIэ, пэщIэдзэ классхэм щылэжьэну егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр мазэ курсхэр къызэIуахат. Зубер абы щIэтIысхьэу къиуха нэужь, 1947 гъэм фокIадэм и 1-м Къулъкъужьын Ищхъэрэ дэт илъэсибл школым лэжьэн щыщIидзащ, абы къыдэкIуэуи и щIэныгъэм Налшык дэт педучилищэм щыхигъэхъуащ. АдэкIэ къиухыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым тхыдэмкIэ и къудамэр. Куэд дэмыкIыуи ар ягъэуващ илъэсибл къыщыбух хъууэ щыта (иужькIэ классии къыщыбухыу ящIам) и унафэщIу. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ Зубер зыкъигъэлъэгъуащ зыпэрыува Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI унафэщI гумызагъэу.

1958 гъэм Нырыр Къулъкъужьын дэт ещанэ курыт еджапIэм и унафэщIу хъуащ. Зэуэ гугъуехь пэщIэхуащ, сабийхэр щрагъэджэну пэшхэр яхурикъуртэкъыми. Жылэм дэт курыт еджапIэ закъуэм и пэшхэр уэрамым и лъэныкъуитIымкIэ тет, революцэм ипэ ятIэ чырбышхэм къыхэщIыкIауэ яухуа унэ цIыкIухэм щызэбгрыдзат. Къуажэр еджапIэ тэмэм зэрыхуэныкъуэр фIыуэ къызыгурыIуа Нырым къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжащ икIэщIыпIэкIэ школ ухуэн Iуэхур зэтеублэныр. Арати, школым и проектыр ирегъэщI, колхоз мылъкукIэ яухуэу щIадзэ, ауэ ахъшэр яхуримыкъуу лэжьыгъэр къэувыIэн хуей мэхъу. Зубер жылэм дэс нэхъыжьыфIхэр гъусэ ещIри, а зэманым КПСС-м и секретару щыта Мэлбахъуэ Тиморэ деж макIуэ. Республикэм и унафэщIым ахэр къегъэгугъэ зытекIуэхьа Iуэхур яхузэфIигъэкIыну.

Мэлбахъуэм къызэригъэгугъам тету, Министрхэм я Советым къикIыу къэпщытакIуэ гуп къакIуэри, Iуэхум зыщагъэгъуэзащ икIи ухуэныгъэр республикэм и нэIэм щIэту ирагъэкIуэкIыну зэгурыIуащ. 1959 гъэм щIадзэри, 1963 гъэм хьэзыр ящIащ цIыху 360-рэ зыщIэхуэну школыр. ЩIымахуэ зыгъэпсэхугъуэр иуха иужь, еджакIуэхэм къагъэзэжат сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща школыщIэм. Ноби къуажэдэсхэм ящыгъупщэркъым жылэм дащIыхьа япэ еджапIэр Ныр Зубер зэрифIыгъэр.

Мы еджапIэм 1967 гъэм и фокIадэ мазэ хъуху щылэжьауэ, классий къыщыбух хъууэ а къуажэм дэт школым и унафэщIу ягъэкIуэжащ. А еджапIэм пэшхэр къемэщIэкIырт, апхуэдэуи илъэсий еджапIэр къэзыухахэр, курыт щIэныгъэ зрагъэгъуэтын папщIэ, лъэсу километрипщIым нэс зэпачурэ ещанэ школым кIуэн хуейт. Абы щыгъуэм Нырым къуажэдэс нэхъыжьхэр зэхуишэсри, унафэ ящIащ сабий 480-рэ зыщIэхуэн курыт еджапIэ яухуэну. Я лъэIур Мэлбахъуэм деж нагъэсри, япэми хуэдэу, Iуэхур къадиIыгъащ.

1971 гъэм фокIадэм и 6-м, махуэшхуэ иращIэкIыу, хьэщIэ лъапIэхэри къахуеблэгъауэ, школыщIэм и бжэр къызэIуахащ. Нобэ къытхэмытыж нэхъыжьыфIыр абы и директору лажьэу 1987 гъэм пенсэ кIуэри тIысыжат. Зубер къуажэдэсхэм ягу къызэринар унафэщI емызэшыжу зэрыщытам и мызакъуэу, гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэ еджакIуэхэми абыхэм я адэ-анэхэми ядригъэкIуэкIыу щытауэщ.

Апхуэдэу гудзакъэ хэлъу зи лэжьыгъэм пэрыта Нырыр унафэщIхэми гулъытэншэу къагъэнакъым. 1959 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэкIэ, цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ IэнатIэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «КъБАССР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. Зэрыщылэжьа илъэс 37-м къриубыдэу абы КПСС-м и обкомым, райкомым, ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэм я щIыхь тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ. Пенсэ кIуа иужь, район Советым и унафэкIэ, абы къыфIащащ «Къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр.

1987 гъэм Нырыр къуажэм дэс Ветеранхэм я советым и тхьэмадэу хахащ. А къулыкъур щызэрихьа илъэсхэми абы псэукIэр егъэфIэкIуэным, жылэм зегъэужьыным хуэунэтIа лэжьыгъэ куэд зэфIихащ. Ар зыпэрыхьа сыт хуэдэ Iуэхури псынщIэу икIи тыншу зэфIигъэкIырт, абы и щхьэусыгъуэр къуажэдэс нэхъыжьхэр зэричэнджэщэгъурт, дэтхэнэм и жыIэми зыгуэр къызэрыхихыным зэрыхущIэкъурт. ЦIыхум гуапэу пщIэ яхуищIу, зэрахэтамкIэ Нырыр щапхъэу щытауэ пхужыIэнущ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

ТекIуэныгъэ-80

Тэрч къыщалъхуа зауэлI хахуэ

Зэманыр блолъэт! Зыхэдмыщ Iэурэ, къызэрымыувыIэнум, абы къызэримыгъэзэжынум демыгупсысурэ. Куэд иIэжкъым ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъуну мазэр къэсынми. Куэдрэ къохъу узэплъэкIыжу, къыбдэгъуэгурыкIуа цIыхухэм я дуней тетыкIэм ущыхэплъэж, уи нэгу къыщыщIыхьэж. Зи сабиигъуэр зауэм IэщIиха дэтхэнэ зыми хуэдэу, дэ зэи ди нэгу тхущIэгъэкIыркъым ди адэ-анэр, а тIум гугъуехьу яшэчар, бэлыхьу ятелъар.

ДИ Адэ Бэлэтокъуэ Пётр (ПIетIро) ТIутIэ и къуэр 1907 гъэм Тэрч куейм хыхьэ Абей (Урожайнэ) къуажэм къыщалъхуащ. Зи щIалэгъуэр колхоз псэукIэщIэр щаухуэм ирихьэлIа щIалэр абы хыхьат, ехъулIэныгъэ иIэуи лэжьэн иригъэжьат. Ауэ жыжьэ нэс и мурад дахэхэр зригъэхъулIэну Iэмал игъуэтакъым - Хэку зауэшхуэр къэхъейри къэралыр къеджащ. Япэ махуэм щыщIэдзауэ иухыхукIэ си адэр щыIащ абы, щыпIэ куэдми и лъэ теуващ. Ар хэтащ Курск, Москва, Ленинград, Белорусыр, Прибалтикэр, Кёнигсберг, нэгъуэщI щIыпIэхэри нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIэзыгъэкIыжахэм. ЯпэщIыкIэ лъэсыдзэм зэуэн щригъэжьащ ди адэм, иужькIэ топ игъэуащ, тIасхъэщIэх ротэми хэтащ. И командирым и унафэкIэ, и ныбжьэгъухэр и гъусэу, абы мызэмытIэу къихьащ бийм и хъыбар щэху, ди сэлэтхэм я Iуэху игъэкIуатэу.

Ди адэм жиIэжат зы хъыбар. Махуэ гуэрым езымрэ нэгъуэщI сэлэтрэ зэгъусэу ягъэкIуат нэмыцэхэм яубыда къуажэ гуэрым. Бийм къащIэри автоматкIэ къахэуэн щIадзащ, и гъусэ щIалэри яукIащ. Езыр мэзым хэлъадэри закъригъэубыдакъым. Автомат макъыр зэхэзыха тIасхъэщIэх гуп къежьауэ мэзыр щIащыкIыу ярихьэлIэри, нэмыцэхэм яIэщIэкIащ. ЕтIуанэ махуэм зыхэт ротэр къигъэтыжри, къуажэм нэмыцэ дапщэ дэсми, топ дапщэ яIэми яжриIэжащ, куэд дэмыкIыуи бийхэр а къуажэм дахужащ.

Ленинград и Iэгъуэблагъэм зы гуп хъууэ бийм и щIыбагъ щыдыхьэри, офицер къаубыдащ, гуэл защIэкIэ зыхэт ротэм ар къагъэсащ. Абы иужькIэ медаль къратащ ди адэм.

И гукъэкIыж куэдхэм ящыщ зыт мыри. Зы махуэ гуэрым ар зыхэт полкым сэлэт щIалэщIэ гуп кърашэлIат, зауэ хуэIухуэщIэхэм хурагъэджэну. Штабым и унафэщI полковник Касаевым ахэр ротэхэм ятригуэшащ, зыхуейзыхуэфIхэм хуагъэсэну. Зэман дэкIауэ ротэхэм я командирхэр щIыхьэурэ Iуэхур зэраубзыхуамкIэ полковникым хъыбар ирагъащIэрт: «Автоматыр гъэуэнымкIэ зауэлI щIалэхэр хуегъасэ рядовой Бэлэтокъуэм. Гранатэр Iэрыхуэу дзыным ахэр хурегъаджэ рядовой Бэлэтокъуэм. Зениткэхэр тэмэму бийм тегъэпсэнымкIэ сэлэтхэм ядолажьэ рядовой Бэлэтокъуэр».

Бэлэтокъуэ унэцIэр куэдрэ зэхэзыха, адыгэ куэд и полкым зэрыхэтыр зыщIэ Касаевым (ар езыр осетинт) жиIащ:

- Адыгэхэр дэнэкIи къыщыхощ. А щIалэхэр псори зы къуажэм щыщ?

- Хьэуэ, товарищ полковник, гупиплIри зыгъасэр зы цIыхущ, зауэлI IэкIуэлъакIуэ, наводчик Iэзэ, снайпер шэрыуэ, тIасхъэщIэх хахуэ рядовой Бэлэтокъуэ Пётрщ.

Офицерым и жэуапыр щызэхихым, штабым и унафэщIым Бэлэтокъуэр къриджэри фIыщIэшхуэ хуищIащ икIи быдэу жиIащ зызыхуагъэхьэзыр егъэгъэрыкIуэныгъэ нэужьым абы дамыгъэ лъапIэ къратыну ар игъэлъэгъуэну.

А зэхэуэм ди адэр уIэгъэ хьэлъэ щыхъури госпиталым щIэхуащ. Ар и япэ фэбжьтэкъым абы, дыркъуэ куэд телът и лъакъуэми, и Iэми, и щхьэми, ауэ зэи зауэр къигъанэу унэм къэкIуэжын Iуэху зэрихуакъым. УIэгъэр нэхъыфI зэрыхъужу зауэ IэнатIэм игъэзэжырт. Апхуэдэурэ илъэсиплIри ирихьэкIащ, Кёнигсберг нэсащ, абы текIуэныгъэм щыIущIащ. Унэм къыщыкIуэжам зауэлI хахуэ Бэлэтокъуэ Пётр и бгъэм къыхэлыдыкIырт «Хэку зауэшхуэ» орденым и япэ нагъыщэр. Абы иIащ «Хахуагъэм папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм щигъэлъэгъуа лэжьыгъэ щIыхьым папщIэ», «ЛIыгъэм папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр.

МафIаем и гуащIэгъуэм хэтами гугъу ехьами зауэ нэужьым ди адэм гъащIэ дахэ, тынш зэтриухуэжат. И щхьэгъусэ пэжыр, ди анэ Марьян, ежьэу унэм щIэсти, адыгэ унагъуэ быдэ зэрызытригъэувэжыным хущIэкъуащ ди адэр икIи ар абы зригъэхъулIэфащ цIыхухъум хуэфащэн акъыли, Iуэху зехьэкIи, лIыгъи, хабзи, нэмыси хэлъти. Ар зэи тIысыжу щысакъым, къызыпэрыкIауэ щыта IэнатIэм пэрыувэжащ. Зи адэр зыщхьэщымытыж и адэ къуэш, къуэш бынхэм и нэIэ ятригъэкIакъым псэуху, зэрыхузэфIэкIкIэ ядэIэпыкъуащ, и жылэм щIигъэтащ, фIыуэ илъэгъуащ. Сыт ящIэнуми къечэнджэщырт икIи зэи ахэр игъэщIэхъуртэкъым. Езыхэми ди адэм пщIэшхуэ къыхуащIырт.

Ди анэр кIыхьу сымэджауэ, 1972 гъэм дунейм ехыжащ. Зауэм къриха фэбжьхэм гугъу ирагъэхьу псэуа ди адэр абыхэм яхьыжащ - ар лIащ 1982 гъэм. Дэ зэшыпхъуиплI дыхъуу дыкъэнащи, зэи ди адэм къыджиIэжу щыта хъыбархэр тщыгъупщэркъым, ди бынхэм, абыхэм къалъхужахэм яжыдоIэж, ди адэ-анэм къытхалъхьа хабзэхэм дытету нобэр къыздэсым допсэу. Ди адэ Бэлэтокъуэ ПIетIро - зауэлI хахуэм, лэжьакIуэ емызэшыжым, адэ гумащIэм и фэеплъыр сыт щыгъуи ди псэм щыдохъумэ.

Ди адэм куэдрэ жиIэу щытащ: «Сэ сыкъыщалъхуар текIуэныгъэр къыщытхьа махуэращ - майм и 9-м». А къэблагъэ махуэ лъапIэм, ТекIуэныгъэм Иным и махуэм, цIыхуу дунейм тетым гуфIэгъуэ, мамырыгъэ, насып къахуихьыну сохъуахъуэ.

ПIАЗ Светэ.

Лъагъуэхэр щыхаш

«Россельхознадзор»-м и щIыналъэ управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм и IэщIагъэлIхэм 2025 гъэм и щIышылэм - гъатхэпэм къриубыдэу къапщытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым экспортым игъакIуэхэм ящыщ гъэшхэкIрэ лыхэкIыу тонн 38-м щIигъу.

КЪАПЩЫТАХЭМ хохьэ шатэр, шатащхьэр, шхур, нэкулъ лIэужьыгъуэхэр. Ахэр хурагъэшащ Къэзахъстанымрэ Азербайджанымрэ. ЕрыскъыхэкIхэм я щытыкIэми, зэрахъумэ щIыкIэми IэщIагъэлIхэм ныкъусаныгъэхэр халъэгъуакъым. Хамэ щIыпIэхэм ирагъэшэн папщIэ ящIыгъупхъэ дэфтэрхэми дагъуэ хуащIакъым.

Мыдрейуэ, «ВетИС» информацэ системэм хыхьэ «Меркурий» гуэдзэныр кIэлъоплъ хамэ щIыпIэхэм ирагъэша продукцэхэм я щытыкIэхэмрэ ахэр зыхуэдэмрэ икIи абыхэм ящыщу щыIэ хабзэм къемызэгъыу къилъытэр пхигъэкIынукъым, къэралми ирыригъэшынукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм ипэIуэкIэ зэрыщыжаIамкIэ, 2024 гъэм республикэм къыщIигъэкIа продукцэхэм ящыщ зыбжанэр куэдкIэ нэхъыбэщ щIыналъэр зыхуэныкъуэм нэхърэ. Псалъэм къыдэкIуэу, пхъэщхьэмыщхьэу къыпачыжар процент 696-кIэ, хадэхэкIхэмрэ хьарбыз-хъэуанхэмкIэ проценти 146-кIэ, жылапхъэхэмкIэ - проценти 100-кIэ, лымрэ джэдкъазылымкIэ - проценти 239-кIэ, гъэшхэкIхэмкIэ - проценти 142-кIэ нэхъыбэщ.

ЖыпIэнурамэ, республикэм и цIыхухэм я ерыскъыпхъэхэр къаймэщIэкIыным темыгузэвыхьу, УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм нэгъабэ хурагъэшащ пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 880-рэ, шэуэ тонн мин 210-рэ, жылапхъэу тонн мин 200. Министерствэм апхуэдэуи щыжаIащ щIыналъэм и АПК-м и продукцэу экспортым ягъакIуэм и куэдагъым зэрыхэхъуэ зэпытыр. Илъэс блэкIам къалэну яIат доллар мелуан 13,9-рэ и уасэ мэкъумэш продукцэ хамэ щIыпIэхэм иращэн хуейуи, а бжыгъэм фIыуэ щIрагъэгъуащ икIи 2024 гъэм и кIэм ар доллар мелуан 42-м нагъэсащ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мэкъумэш продукцэу къыщIагъэкIым и куэдагъым хэгъэхъуэным къыдэкIуэу, республикэм и мэкъумэш IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэм хохьэ продукцэхэм елэжь IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIым зегъэубгъуныр, экспортым ягъакIуэм и куэдагъыр нэхъыбэ щIыныр, хамэ щIыпIэхэм ахэр къыщегъэцIыхуныр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Я къару псори ирахьэлIэ

Мы гъэм илъэс 80 ирокъу ди къэралым Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщихьрэ. Ар Iэтауэ гъэлъэпIэным жыджэру зыхуагъэхьэзыр.

«КРЕМЛЫМ и утыкум деж, гъэ къэси хуэдэу, Iэтауэ щекIуэкIынущ ТекIуэныгъэм и парадыр. Гуп щхьэхуэу абы хэтынущ дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужьхэр», - жиIащ Урысей Федерацэм и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий.

Накъыгъэм и 9-м екIуэкIыну махуэщIым къеблэгъэну я мурадщ дунейпсо лIыщхьэхэр. Абыхэм яхэтщ КНР-м и унафэщI Цзиньпин Си, Венесуэлэм, Бразилием, Сербием я президентхэу Мадурэ Николас, Лулу да Силва Луис Инасиу, Вучич Александр, Индиемрэ Словакиемрэ я премьер-министрхэу Моди Нарендрэ, Фицо Роберт. Апхуэдэу ТекIуэныгъэм и парадым хэтынущ СНГ-м хыхьэ къэралхэу Белоруссием, Азербайджаным, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Узбекистаным, Таджикистаным я лIыкIуэхэр.

«ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум иращIэкI махуэшхуэр шынагъуэншагъэм и хабзэ ткIийхэм тету къызэгъэпэщауэ щытынущ, - жиIащ Песков Дмитрий. Ар езы махуэм къытхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Дунейпсо мыхьэнэшхуэ зиIэ ТекIуэныгъэм и махуэщIым ныбжь къытрезыгъэдзэн зы Iуэхугъуи щыIэн хуейкъым, абы къыхэкIыу ар зэпэщу зэрекIуэкIынум ди къару псори етхьэлIэнущ».

ЩIыIэм и зэран екIащ

Тыркум и язынымкъуэ щIыналъэхэм иужьрей илъэс 30-м щымыIауэ щIыIэ щыхъуащ. Абы мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Юмаклы Ибрэхьим интернетым щиIэ напэкIуэцIым къыщигъэлъэгъуащ гъатхэпэ - мэлыжьыхь мазэхэм къриубыдэу пIалъэ зэхуэмыдэхэм дунейм и щытыкIэм хуабжьу зэхъуэкIыныгъэ зэригъуэтар.

«ЩIЫНАЛЪЭ щхьэхуэхэм щIыIэр градус 15-м щынэблагъэрт, уэси къыщесащ, уэи къыщехащ. Апхуэдэ щытыкIэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, егъэлеяуэ зэран хуэхъуащ къэралым и мэкъумэш хозяйствэм», - жиIащ абы.

ХэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ фермер IэнатIэхэм. Дуней щытыкIэ къызэрымыкIуэр зэран яхуэхъуащ хуэрэджей, дей жыгыщIэхэм, апхуэдэу кIэртIофым, жызум щIапIэхэм, бжьыным.

Министрым къыхигъэщащ дунейм и щытыкIэм къыхэкIыу лей къызытехьа мэкъумэш лэжьакIуэхэм къэралым зэрыхъукIэ зэрызащIигъэкъуэнур.

Мэлыжьыхьым и 15, гъубж

♦Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ

♦Экологием теухуа щIэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я радиоэлектроннэ дзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ

♦**1395 гъэм** Тамерланрэ Тохъутэмыщрэ я дзэхэр Тэрч и деж щызэзэуащ.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Слъон Лудин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 16, бэрэжьей

♦Макъым и дунейпсо махуэщ

♦**1905 гъэм** Урысейм и япэ профсоюзыр, печатым и лэжьакIуэхэм ейр, къызэрагъэпэщащ.

♦**1920 гъэм** цIыхубэ милицэм и Налшык управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1934 гъэм** СССР-м и ГъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэкIэ ягъэуващ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩыхубзыфI гъэтIылъыгъэншэ хъуркъым.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

Ажэжьрэ чыцІыжь цІыкІуитІрэ

(Таурыхъ)

Зы ажэжьрэ чыцІыжь цІыкІуитІрэ зы пщыІэу псэурт.

- ФынакІуэ, хъуакІуэ дыкІуэнщ, - жаІэри ежьащ.

КІуэм-кІуэм-кІуэуэрэ, лъэмыжым зэпрыкІхэри, зы хъуныфІ къагъуэтри, хъуакІуэу хэуващ. Ауэрэ шхэурэ зы чыцІыжь цІыкІум зигъэнщІри:

- НакІуэ, ажэжь, дывгъэкІуэж! - жиІащ.

Ажэжьым ар идакъым:

- Уэ узыныбэ щхьэкІэ, сэ сыныбитІщ, - жиІащ.

ЧыцІыжь цІыкІур къежьэжри, къэкІуэжурэ лъэмыж кІапэм и деж зы дыгъужьыжь щысу къыхуэзащ.

- Дэнэ укІуэрэ? - жиІащ макъ шынагъуэкІэ дыгъужьыжьым.

- СокІуэж, - жиІащ чыцІыжь цІыкІум, зигъэтхьэмыщкІафэу.

- А птетыр сыт?

- Си бжьакъуэ цІыкІуитІщ.

- А пщІэтыр сыт?

- Си быдз цІыкІуитІщ.

- АтІэ уи кІэр щхьэ бгъэпІэжьажьэрэ?

- Сыпшхын сфІощІри, сошынэри аращ.

«Къып» жиІэщ жьэдидзэри, дыгъужьыжьым чыцІыжь цІыкІур иридзыхащ.

Адрей чыцІыжь цІыкІуми зигъэнщІри:

- НакІуэ, ажэжь, дывгъэкІуэж! - жиІащ.

Ажэжьым ар идакъым:

- Уэ узыныбэ щхьэкІэ, сэ сыныбитІщ, - жиІащ.

ЧыцІыжь цІыкІу гуэрыр къежьэжри, къакІуэм-къакІуэурэ лъэмыжым къэсыжауэ, абы и кІапэм зы дыгъужьыжь щысу къыІущІащ.

- Дэнэ укІуэрэ?

- СокІуэж, - жиІащ чыцІыжь цІыкІум, зигъэтхьэмыщкІафэу.

- А птетыр сыт?

- Си бжьакъуэ цІыкІуитІщ.

- А пщІэтыр сыт?

- Си быдз цІыкІуитІщ.

- АтІэ уи кІэр щхьэ бгъэпІэжьажьэрэ?

- Сыпшхын сфІощІри, сошынэри аращ.

«Къып» жиІэщ жьэдидзэри, дыгъужьыжьым чыцІыжь цІыкІур иридзыхащ.

Ажэжьым зы зэман зигъэнщІри къежьэжащ. КъэкІуэжмэ, къэкІуэжурэ, лъэмыж кІапэм деж дыгъужьыжьыр тесу къыхуэзащ.

- Дэнэ укІуэрэ?

- СокІуэж! - ажэжьым дыгъужьым нэхърэ нэхъ хуабжьыжу и макъым зрегъэІэт.

- А птетыр сыт?

- УзэрызукІыну си джатитІырщ.

- А пщІэтыр сыт?

- Узэрызущэбыну си токъумакъыжьитІырщ.

- АтІэ уи кІэр щхьэ бгъэпІэжьажьэрэ?

- Хьэджафибгъу си кІэ щІагъым къыщІэжынурэ урахужьэнущ.

Дыгъужьыр щІэпхъуэжыну щыхуежьэм, и джатэжьитІымкІэ дыгъужьым и ныбэм еуэщ, зэгуиудри, чыцІыжь цІыкІуитІыр къришыжащ, иджы, мес, мэтхъэжри зэхэсщ, фи фІэщ мыхъумэ, ХьэтІохъущыкъуей къуажапщэм щыс Щоджэнхэ я чэтым фыкІуи феплъ.

Хьэлъэкъуей уэрэд

(Гъыбзэ)

Хьэлъэкъуейр гуэрэным щихьэжым,
Я пщащэхэр дыщэ лэрыпсщ,
Я щауэхэр псэемыблэжщ,
Мэзауэхэр, зауэри я бащэщ.
Гум и щІасэр къыздэхъун,
Зи мурадхэр зымыхъуэжын,
ЗэрыкІуэдым щІэмыгупсыс.
Зи анэжь гущэр зи гупсысэгъуэ
Жанджатэм фи нащхъуэ дахэщ,
Тхьэм и хьэкъыр зи ныбэм илъ,
Хур пщащэр зи нэрылъагъу.
Шы къаритІыр къуэугъэлъэхъу,
Кхъухьым екІуэжым, -
Хьэуауэ и къуэкІэ Хьэжыбий цІыкІурщ.
ЗэрыкІуэдым щІэмыгупсыс,
Зи анэжь гущэр зи гупсысэгъуэ
МэшхэщІэ и къуэкІэ Си Нащхъуэ щауэ цІыкІу,
Зи Іыхьлыхэр зи гъусэ,
Зи башыр зи гъусэ пэжу зыгъуэт МэшхэщІэ Нащхъуэ.
Си цей фІыцІэр Іэщэм къелажьэ,
Хъатэ гущэр къэзылэжьар, -
Сыхьэт и къуэкІэ Состыналщ.
ЗэрыкІуэд гущэм щІэмыгупсыс,
И пщащэ и гупсысэгъуэщ, -
Хъукъуэ и къуэкІэ Хьэжыбий цІыкІурщ.
ЗэрыкІуэд гущэм щІэмыгупсыс,
Зи сабийхэр зи гупсысэгъуэ, -
Хьэщауэ и къуэкІэ Жамбот цІыкІу.
Нэмэз щыгъэр зи Іэпэм пылъ,
Псыкъуэпс зы пкІэгъуэ зыхуэмыхъу, -
Къэзан и къуэкІэ Едыдж.
Полковникым зыкъыщигъазэм
Дзэшхуэм езыгъэгъэзар, -
КІэшхэ япхъу Іэминэщ.
Полковникым зыкъыщигъазэм,
Полковникыр езыдзыхар, -
Хъуажьхэ япхъу Хьэнифэщ.
АйтІур зы анэ къилъхуауэ зэшыпхъут,
И сабий цІыкІуищыр земыкІуэм,
Я унэбжэр къыхуищІыжам, -
Хъуажьхэ Лоу тхьэмыщкІэщ.

● Хъуэжэ и гушыІэхэр

Ар хьэлу къыпхуэнэнщи, уэри абы утекІуэдэжынщ

Хъуэжэ и шы пэхужьыр щІищІэри, къалэм кІуэну ежьащ. Куэдрэ кІуа, мащІэрэ кІуа, зы псы шэд гуэрым щикІым шыр зыщІэувыІыкІри етхауэу щІидзащ. «Но-о!» - жиІэри хъуакъым, «но-о!» - жиІэри хъуакъым. ЧынутІкІэ фІыуэ иубэрэжьащ, арщхьэкІэ етхауэ фІэкІа, шым зигъэхьейртэкъым.

ИужькІэ: «Ей, си шы пэхужь мыгъуэ, ар хьэлу къыпхуэнэнщи, уэри абы утекІуэдэжынщ, итІанэ уигу сыкъэгъэкІыж!» - жиІэри Хъуэжэ и чынутІыжьри шым жьэхидзэжщ, гури шыри абдежым къыщинэри, лъэсу езыр къалэм кІуащ. КъыщыкІуэжым, Хъуэжэ шыр къызыщинам бгъэдыхьэрэ еплъмэ: шы пэхужьым и къупщхьэм фІэкІа зыри игъуэтыжакъым - ар дыгъужьхэм яшхат.

ИужькІэ Хъуэжэ шым и къупщхьэм зыхуигъазэри жиІащ:

- БжесІатэкъэ а уи хьэлыжьым узэрытекІуэдэжынур!

Шху иризгъэпцІэнущ

Зэгуэрым Хъуэжэ гъавэ хъуэж ежьэну зигъэхьэзырырти, къэп хурикъуртэкъым. И гъунэгъумкІэ ежэкІри елъэІуащ хьэхуу и къэпхэр къритыну.

- Уи къэпхэр махуищкІэ хьэхуу къызэпттэм, - щыжриІэм, и гъунэгъу лІым и нэщхъыр зэхэукІауэ:

- Сыт къэпхэм ирипщІэнур? - жиІащ.

- Шху иризгъэпцІэнущ, - жриІащ абы Хъуэжэ.

- Къэпхэм шху ирибгъапцІэ хъурэ? - къыхуидакъым лІым.

- А къомыр къыумыгъэкІуэкІыу «уэстынукъым» жыпІэмэ сыщІэкІыжати, - жиІэри Хъуэжэ къыщІэкІыжащ.

Нарт Бэтей

(Нарт тхыдэжь)

Зы къуажэ гуэрым зы нарт лІыжь дэст, къуищ иІэу. Нартыр махуэ гуэрым мэзым кІуащ пхъэ къихьыну. КІуэри, пхъэр зэкІуэцІипхэри къежьэжауэ, къыздэкІуэжым, зы блэ ин гуэрым хуэзэри, къимыгъакІуэу и кум ириубыдащ. Ириубыдэри, нартым жриІащ:

- Иджы уэ узмышхыу хъунукъым.

Нартыр елъэІуащ:

- Сумышх, сутІыпщыж.

- УзутІыпщыжынщ, уи щІалищым языхэз узэрынэсыжу къысхуэбгъэкІуэнумэ.

Тхьэ щыхуиІуэм, къиутІыпщыжащ нартыр. КъиутІыпщыжри къэкІуэжащ. Къэсыжри, къыщыщІар и къуэ нэхъыжьым жриІэри, кІуэну унафэ хуищІащ. АрщхьэкІэ щІалэ нэхъыжьым идакъым кІуэн. Курытым жриІэри, абыи идакъым. Зи щхьэ зи жагъуэ лІыжьым ещанэм жриІащ къыщыщІахэр, и къуэ нэхъыжьитІми кІуэн зэрамыдари хуиІуэтащ. ИтІанэ а къуэ нэхъыщІэм, нарт Бэтей жыхуаІэм, жиІащ:

- Сыт дэ уэ дыкъыщІэплъхуари дыщІупІари, уэ жыпІэм демыдэІуэнумэ? Сэ сыкІуэнщ, абыхэм кІуэн ямыдами.

И шым уанэ трилъхьэщ, и Іэщэр къиштэщ аби, еуэри ежьащ. Нэсри блэр къыпэплъэу щысти:

- Си адэм сыкъигъэкІуащ уи деж, - жриІащ.

- АтІэ, накІуэ сэ уздэсшэм, - жиІэри, щІалэр блэм иришажьэри ежьэжащ.

Зы жэщ-махуэкІэ кІуа нэужь, щІалэр къэувыІэри, и сэшхуэр кърихащ.

- Уи щхьэр пызупщІынщ, дыздэкІуэр дэнэми къызжумыІэмэ.

- Дынэсащ, умыпІэщІэж, - жиІэри куэд ямыкІужу пщІантІэ гуэрым дыхьэри, унэм щІыхьащ. Блэм блафэр зытригъэжри, тхьэІухудым хуэдэу дахэу, хъыджэбз къыщІэщащ.

Еуэщ аби, ар псэгъу хуэхъури, зэдэпсэууэ щІадзащ. ЩІалэр махуэкІэ щакІуэ текІырти, и фызым къыжриІащ:

- ДэнэкІэ уфІэфІми кІуэ, ауэ гупэмкІэ умыкІуэ. АбыкІэ кІуэр къэкІуэжыркъым, - жиІэри.

ЩІалэр махуитІ-щыкІэ кІуакъым гупэмкІэ щакІуэ, итІанэ зы махуэ гуэрым абыкІэ кІуэри илъэгъуащ зы жыг гуэрым и лъабжьэм бжэн гуп щІэту. Абы яхэтт зы ажэ къахэпІиикІыуи, абы иригъапщэри еуащ. Техуа щхьэкІэ, пхыкІакъым. ЕтІуанэуи еуэну щригъапщэм, ажэр къаплъэри къилъэгъуащ. Къызэрилъагъуу къажэри, и бжьакъуэ зэхуакум щІалэр диубыдэри ихьащ. Здихьам и натІэгум нэ закъуэ исуу зы иныжь щІэст, зы лІи игъэжьауэ ишхыу бгъэдэсу, нэгъуэщІ зы лІи псэууэ щІэст. ЩІалэр ар зыщІэсым щІидзащ иныжьым.

Арати, ныкъуэшхыр иухри, иныжьыр гъуэлъыжри жеящ. Къэушри псэууэ щІэса лІыр игъажьэри ишхщ аби жеижащ, дзасэр мафІэшхуэм пэрилъхьэри. Къэушмэ, ишхынур езырати, дзасэ гъэплъар къиштэри, иныжьым и нэ закъуэм щІиІури ирищІащ. ИрищІщ аби, щІалэр къыщІэжри къежьэжащ. Иныжьыр къыкІэлъыщІэжри къелъэІуащ:

- Уи насып къыстекІуащ, ауэ къэгъази мы Іэлъыныр сІых, - жиІэри.

КъыІихын щимыдэм, къыхуидзащ. Къиштэри зыІэритІэгъащ. Іэлъыныр фийуэ хуежьащ. А фий макъымкІэ иныжьым къыкІэлъиижыхьырт щІалэр къиубыдынуи, бжыхьым пылъ щхьэ къупщхьэхэм ящыщ зыр къэпсалъэри жиІащ:

- Уа щІалэ мыгъуэ хъун, а Іэлъыныр зыІэрыгъ Іэпхъуамбэр пыупщІи хыфІэдзэ, армыхъумэ уІэщІэкІуэдэнущ.

Іэпхъуамбэр пиупщІри бгым щидзащ.

Иныжьыр абы кІэлъелъэри иукІащ. ИтІанэ, щхьэ къупщхьэ гуэрым жиІащ:

- Унэм щІыхьи, абы щІэлъ щІопщ кІагуэр къыщІэхи къыдэуэ, цІыху дыхъужынущ.

Апхуэдэу ищІри, псори цІыху хъужащ. Ажэри иукІащ, иныжьым мылъкуу иІэр къызэщІакъуэри къахьащ. Къигъэхъужахэм и щхьэгъусэ тхьэІухудым и дэлъхуитІи яхэту къыщІэкІащ. И дэлъхуитІыр я унэ къинэжри, гуиблым къахуэгъэхьей фІыгъуэ дэщІыгъуу гуащэр къишэри, я деж къэкІуэжащ Бэтей.

Хейм и лъыр и фызым зэрищІэжар

Къэбэрдей Хьэжрэтым, Уарп адрыщІкІэ Жэдырэ и лъагъуэ дыгъафІэм удэкІмэ, лІыфІ гуэр щыпсэурт. Абы жагъуэгъу къыхуэхъуащ пщы гуэр, езым зыкъыдигъэшу, щхьэщэ къыхуищІу, къиуфэрэзыхьу зэрыщымытым папщІэ.

Пщым лІыукІ гуп зэригъэпэщри, Уарп бгъуэнщІагъыжьым щепсыхащ. Пщым шу игъакІуэри, а лІыфІыр кърригъэшащ. «Пщыр ІуэхукІэ къыпхуейщ, мопхуэдэ щІыпІэм деж къыщыпппоплъэ, къоджэ», - жаІэри.

Пщым и унафэкІэ, бзаджагъэ игу имылъу къыхуэкІуа лІыр яубыдщ, жыгым ирапхри, еуэри яукІащ, жыгым зэрепхам хуэдэуи, хьэдэр къагъанэри, гупыр ежьэжащ. ЛІыр мыкІуэж щыхъум, и фызыр, къамэ къиштэри, къыкІэлъежьащ. ЛІым и лъыхъуакІуэ къежьа фызым лІыр укІауэ, жыгым епхауэ кІэрылъу къыІущІащ.

Фызым шу гупым я лъэужьыр, дапхуэдэу ищІми, иубыдри, якІэлъыкІуэурэ, гупыр зэхэпсыхауэ зы щІыпІэ деж щысу ялъэщІыхьащ. Жыжьэу уври къахэплъащ. Фыз закъуэр къыщалъагъум, лІы гуэр къызыхагъэкІри къагъэкІуащ:

- Мыр слІо, цІыхубз закъуэм дэнэ къыщыпкІухьрэ, сыт ухуей? - жиІэу къыщеупщІым:

- Іуэху гузэвэгъуэ сиІэу сыкъежьащ, пщым и гупыр мыра? - жиІэри еупщІащ.

- Мыращ, къэплъыхъуэр къэбгъуэтащ, - жиІащ лІыми.

- АтІэ, емыкІуми, пщыр къысхуэбгъэкІуамэ арат, ІуэхушхуэкІэ сыхуейуэ сыкъэкІуат, - жиІащ цІыхубзым.

ЛІыр кІуэжри, Іуэхур зыІутыр пщым щыжриІэм, а лъэхъэнэм Іэщэ кІэрылъу цІыхубзым убгъэдыхьэныр емызэгъыу къалъытэрти, и Іэщэр зыкІэрихри, бзылъхугъэм бгъэдыхьащ.

- Сыт ухуей, цІыхубз, дэни укъикІа? - жиІащ.

- Уэ сурихьэщІэщ, Іуэху гузэвэгъуэкІэ сыкъыпхуэкІуащ, мо псоми дамылъагъуу, моуэ мобдежымкІэ дыкъуэбгъэхьэрэ си Іуэхур жызбгъэІатэмэ, Іуэхутхьэбзэ къысхуэпщІэнт, - щыжиІэм, пщыр япэ иувэри, фызыр абы и ужьым иту къуагъым щыкъухьэм, бзылъхугъэм и куэншыбэ щІагъым щІэлъ къамэр къыщІилъэфри епыджащ.

- Уи пщы напэм и уасэ щыІэкъым, ауэ уи цІыхухъу напэм сыщыукІытэри, узыхэт гупым уакъыхэсшащ, пхуэфащэ укІыкІэм узэрыхуэзэжар ялъэгъуами, ягъэ кІынутэкъым, - жиІэри цІыхубзыр ежьэжащ.

Пщыр къэт кІыхь щыхъум, гупыр къэгузэващ, лІитІ ягъакІуэри, я пашэр укІауэ щылъу, бзылъхугъэри Іэгъуэблагъэм имытыжу кърихьэлІащ.

КъэкІуэжри, Іуэхур зыІутыр гупым жраІэжащ.

- Хуэфащэщ, лажьэ зимыІэ цІыху хейр щыбукІкІэ, ар къызэрыпщІэмыкІуэнур къыбгурыІуэн хуейщ, - жаІэщ гупым хэтхэми, пщым и хьэдэр шы кхъаблэкІэ яхьыжри, щІалъхьэжащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ бзылъхугъэм илъ ищІэжащ, и гущхьэр тІысыжауэ, и щхьэгъусэр щІилъхьэжащ.

БлэкІам и фэеплъ

XX лІэщІыгъуэм и 30 гъэхэм Къухьэпlэ Кавказым и къуршылъэ щІыпІэхэр къызэхикІухьауэ щытащ щІыпІаплъэ-лъахэхутэ цІэрыІуэ Ефремов Юрий. ЗекІуэн зи щІасэ а лІым и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Хы ФІыцІэ Іуфэм егъэщІылІа бгыхэм дэкІ лъагъуэхэмкІэ» («Тропами горного Черноморья») тхылъ гъуэзэджэр.

КЪЫЗЫФІАМЫГЪЭІУЭХУУ икІи емылІэлІащэу щІыпІэцІэхэр щызэрахъуэкІ куэдрэ къэхъуми, апхуэдэ Іуэху щызэхаублэнкІэ хъуну щІыналъэм ижькІэрэ щыпсэуа лъэпкъхэм япэм къагъэсэбэпу щыта фІэщыгъэхэм псэщІэ къащыхыхьэжи щыІэщ. Аращ зытеухуар Ефремов Юрий зи гугъу тщІа и тхылъым къыщихьа хъыбархэм ящыщ зыр.

Лъахэхутэ цІэрыІуэр щыхьэт зытехъуэр аращи, урыс пащтыхьым и Іуэхузехьэ Старк Александр Къуэбыдэ (Къбаадэ, Красная Поляна) япэу къыщыкІуар 1871 гъэращ. ИкІи, абы ипэжкІэ тІуащІэм зыдэзыгъэзэгъа урыс къуажэ цІыкІумрэ лІэщІыгъуэкІэрэ хуейр зыгъэдахэу къекІуэкІа «шэрджэс» уэздыгъеишхуитІым ящыщу, а зэманым ирихьэлІэу иджыри къагъэуэну зыхунэмыса жыгыжь закъуэмрэ къилъэгъуащ.

Абы иужькІэ, илъэс 11 дэкІауэ, 1882 гъэм Старк Александр етІуанэу Къбаадэ къытригъэзауэ щытащ. Пащтыхь Іуэхузехьэм и гъуэгуанэ тхыгъэхэм щыхэплъэжым, Ефремовым мыпхуэдэ псалъэхэр кърибджыкІащ: «Урыс-Кавказ зауэр зэриухам и щІыхькІэ, насып къытхуэзыхьа махуэшхуэр щагъэлъапІэм (зи гугъу ищІыр адыгэ-абазэщІыр лъэныкъуэ зыбжанэкІэ къыщызэу урысыдзэ пакІэхэр 1864 гъэм щызэрихьэлІэжауэ щыта Мдзымтэ псыхъуащхьэм, дзэ псоми я Іэтащхьэ джыназышхуэ Романов Михаил я пашэу, щрагъэкІуэкІауэ щыта зауэ парад-тхьэлъэІурщ), абы хэта дзэпщхэр лъэІуат зыщагъэбыда хуейм къыщагъэунэхуну къуажэщІэм, а щІыпІэр зи унафэкІэ къазэуа пащтыхь Романовхэ я лІакъуэм я цІэкІэ, «Романовск» фІащыну.

Къбаадэ щІыпІэм ижькІэрэ щыпсэуа «мудэвей» абазэ жылэм лъапсэрыхыр къыхуагъакІуэу абдежым щыпсэуахэр ираха иужь, а Іэхэлъахэм куэд дэмыкІыу къыщыунэхуащ щхьэгъусэ зыгъуэта урыс сэлэтхэм я къуажэ цІыкІу. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІи, а щІыпІэм а зэманым исахэм «Романовск» цІэр иджыри къагъэсэбэпу щытагъэнущ. Сыту жытІэмэ, зи гугъу тщІы фІэщыгъэр зэрагъэкІуэдыжам теухуауэ Старк тхьэусыхэн щыщІидзар Іэгъуэблагъэм етІуанэу къихьа иужькІэщ.

Абы щыгъуэщ пащтыхь Іуэхузехьэр щахуэзар Ставрополь краймкІэ кърагъэІэпхъукІыу, Кавказ шытхымкІэ къыщхьэдагъэхыу, Мдзымтэ псыхъуащхьэм къыдагъэтІысхьа алыджхэм. Асыхьэтуи, Старк Александр зэхецІыхукІ хуейм зизыгъэзэгъа къуажэ цІыкІум «Романовск»-кІэ зэремыджэжри, «къыздикІар къыхуэмыщІэ» «Красная поляна» фІэщыгъэр а щІыпІэм щыпсэухэм «я фІэфІыпсу» зэрызэрахьэри.

А псом я гущІыІужу, пащтыхь Іуэхузехьэр нэхъри къыщыгубжьар, япэм къыщыкІуам зрихьэлІауэ щыта уардэ жыгыжьу уэздыгъей закъуэри а щІыпІэм зэримытыжым гу лъита иужькІэщ. И бампІэм ари къыфІыхохьэжри, хуэмышэчыжу алыджхэр «хьэм ирегъэхь»: уафэр трегъэгъуагъуэ, щыблэр ярекъутэкІ, «ахэращ изыупщІыкІар, жыгым къыхахыну пхъэмкІэ я унэ фейцейхэр къаІулІыхьын папщІэ», - жеІэри.

Адыгэ-абазэ лъэпкъ зэрыбыным я тхыдэм хуэсакъын зэрыхуейр и щхьэ къихьэххэу щымытами, Къуэбыдэ тІуащІэм зыдэзыуфэбгъуа хуей ІэхуитлъэхуитылІэщІыгъуэкІэрэ зыгъэдахэу дэта жыг уардэхэм щхьэкІэ «черкесские» зэрыжиІам, апхуэдэуи ахэр зэрыраупщІыкІар игу къызэреуам папщІэ, а лІым фІыщІэ гуэри къилэжьу къыщІэкІынщ.

Мыдрейуэ, дэ зэи арэзы дызытемыхъуэнуращи, Старк Александр къилъытэрт, хуей цІэрыІуэр къэзыухъуреихь бгыхэм, щхьэдэхыпІэхэм, хъупІэхэм, мэзхэм, нэгъуэщІ-къинэмыщІхэми, Іэмал ямыІэу, урыс тхыдэм, щэнхабзэм къыхэкІа фІэщыгъэхэм фІэкІа зэрахьэн хуэмейуэ. Ар и щхьэусыгъуэуи, зи гугъу тщІы пащтыхь Іуэхузехьэм адыгэхэм, убыххэм, абазэхэм къагъэсэбэпу щыта щІыпІэцІэхэр дунейм къызэрытрагъэхьэжыр хуабжьу и гум щІыхьауэ щытащ.

«Ар дауэ къызэрыбгурыІуэнур!? - хъуэщІэрт Александр. - Даховскэр - Сочэ, Святодуховскэр - Адлер хъужащ. ЕмыкІум къыщынэжкъым! ЩІым и зэхэлъыкІэр зыджхэм я деж къыщыщІэдзауэ къызэрыгуэкІ щІыпІаплъэхэм я деж щиухыжу, лъахэхутэхэр псыхэм, бгыхэм япэм зэрахьэу щыта фІэщыгъэхэр къахутэжу, дунейм къызэрытрагъэхьэжыным яужь итщ. Ар къызыхахымрэ абыкІэ фІыщІэу къахьыну зыщыгугъымрэ уэ къащІэ, плъэкІмэ! Еплъ иджы абы дызыхуишам! Дэтхэнэ псыми бгыми зэрахьэр урысыцІэкъым, щхъуэцыр къэзыгъэубэлэщщ, зыми къемызэгъщ!»

Псалъэм папщІэ, пащтыхь Іуэхузехьэм игу иримыхьу дунейм къытрагъэхьэжа фІэщыгъэхэм ящыщщ Чугуш (ЧІыгъушъ, къэбэрдейхэм «щІы гъущэ» жытІэ мэхъу), Абаго (Абагъуэ - Іэбагъуэ, «Іэщыр щобагъуэ»), Тыбга (ТІыбгы, тІыхэм я бгы, Іуащхьэ) щІыпІэцІэхэр, нэгъуэщІхэри.

«Абы щыгъуэми мы зи гугъу тщІы бгыхэм фІащын хуеяр Александр ЕтІуанэм, Михаил, щихъэу Константинрэ Еленэрэ я цІэхэрщ», - икІуэтыжыххэртэкъым Старк Александр.

АрщхьэкІэ, щІыпІэдэлъху лъэпкъхэм, адыгэхэм, абазэхэм, убыххэм, ди насыпти, Старк хуэдэ къулыкъузехьэхэм я Іуэху еплъыкІэ-бгъэдыхьэкІэр зигу темыхуэ цІыху губзыгъэхэр езы урысхэми къахэкІащ. Псалъэм папщІэ, ищхьэкІэ зи гугъу тщІа «Хы ФІыцІэ Іуфэм егъэщІылІа бгыхэм япхрыкІ лъагъуэхэмкІэ» («Тропами горного Черноморья») тхылъыр зи ІэдакъэщІэкІ Ефремов Юрий хуэдэхэр.

«КІуапІи-жапІи къозымыт гупсысэкІэ мышущ! - зыхуихьынур ищІэртэкъым абы Старк Александр зыхьыным нэса и гурыгъузыр. - Сыту ди насып, а лІыр зыхуэшхыда лъахэхутэхэм хуэдэхэр а зэманым зэрыщыІари, абыхэм шэрджэс щІыналъэм къина хэкулІ закъуэтІакъуэхэр къагъуэтыжу, бгыхэм, къуэладжэхэм зэрахьэу щыта цІэхэр къызэрырагъэІуэтэжари!»

Дапхуэдэу хъуами, хуей цІэрыІуэм къегъэщІылІа Іэгъуэблагъэм ит бгыхэр пащтыхь пыхъуэпышэхэмрэ щихъ дымыцІыхухэмрэ я цІэхэм щыхъума зэрыхъуам ноби дыщымыгуфІыкІынкІэ Іэмал зимыІэщ. Ауэ, а псом къыдэкІуэу, нэхъри ди гуапэ хъунт, Мдзымтэ псыхъуащхьэр ижькІэрэ зи хэщІапІэу къекІуэкІа лъэпкъыр а щІыпІэм зэреджэу щыта Къбаадэ (Къуэбыдэ) цІэр нэрылъагъуу дунейм къытрагъэхьэжамэ.

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцІэ.

ЩІыгъэпшэрхэр халъхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм бжьыхьэсэр зыхащІа гектар мин 65,3-м къанэ щымыІэу щІыгъэпшэрхэр халъхьащ, къытащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм.

АПХУЭДЭУИ Россельхозцентрым и лэжьакІуэхэм иджыпсту къапщытэ мэкъумэш къэкІыгъэхэм яІэ фитосанитар щытыкІэхэр зыхуэдэр икІи ІэщІагъэлІхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, абыхэм къайуалІэ хабзэ узыфэхэр зыпкърыт къагъуэтакъым.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, бжьыхьэсэр зытращІа щІым щыщу гектар мин 58,5-р гъавапхъэхэм хухахащ, гектар мини 6,7-р рапсым, адрейр Іэщым щхъуантІэу ирагъэшхыну удзхэрщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэманым упхыплъыжмэ...

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмтеатрым щызэхэтащ «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр: зэманым упхыплъыжмэ» лIыхъужьыгъэ-хэкупсэ зэхыхьэр. Абы кърихьэлIащ щIэныгъэлIхэр, къулыкъущIэхэр, тхыдэджхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, щIалэгъуалэ гупхэр, СВО-м и ветеранхэр, журналистхэр. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ тхыдэ щIэиным мыхьэнэшхуэ зэриIэм, абы и пэжыр щIэблэм ягурыгъэIуэн зэрыхуейм. Ар щIэблэ хэкупсэ зэрыбгъэсэным и зы хэкIыпIэщ. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ Урысейм и дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэм (РВИО) и щIыналъэ къудамэмрэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ.

ЯГУ къагъэкIыжащ къэралым и тхыдэ напэкIуэцIхэм зэман хьэлъэу къыхэна 90 гъэхэр. Къэпсэлъахэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ Хэку зауэшхуэм и тхыдэр зыгъэутхъуэну, иужь итхэм апхуэдэ щIэпхъаджагъэр яхуэбдэ зэрымыхъунум.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин абы кърихьэлIахэм захуигъэзащ:

- «Хэку зауэшхуэр: зэманым упхыплъыжмэ» зэхыхьэр щIэныгъэ зэIущIэ къудейкъым. Ветеранхэр, тхыдэджхэр, щIэныгъэлIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр зэкъуэуващ тхыдэм и пэжым и телъхьэу. Ди къэралым и цIыхухэм, ди нэхъыжьхэм Хэкум папщIэ зэрахьа лIыхъужьыгъэм ди щIэблэр щыгъэгъуэзэнымрэ абы щIэпIыкIынымрэ щхьэж ди гуащIэ хэтлъэну ди къалэнщ. ЩIэблэм я гупсысэр зэтеува зэрыхъунумкIэ дэ, балигъхэм, жэуап дохь.

Министрым и гупсысэр диIыгъащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий.

- Бийм ди тхыдэр игъэулъиину иужь щиткIэ, совет сэлэтым и щIыхьым къыщебгъэрыкIуэкIэ, дэ абыхэм ерыщу дапэувын хуейщ, яхуэддэ хъунукъым я Iуэху фIейхэр. Дэ пэжыр къыдогъэлъагъуэ дэфтэрхэмкIэ, бжыгъэхэмкIэ, гукъэкIыжхэмкIэ щыхьэт дытехъуэжурэ. Ди нэхъыжь лъапIэхэм я лIыгъэр зэи тщыгъупщэ хъунукъым, Хэку зауэшхуэм и пэжыр нэхъыщIэхэм зыхедгъэщIыкIын хуейщ, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым курыт лIэщIыгъуэмрэ иджырей тхыдэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ Абазэ Алексей.

- Хэку зауэшхуэм и тхыдэм дыщыгъуазэ къудей мыхъуу, зыхэтщIэн хуейщ ди хуитыныгъэм зи псэ щIэзытахэм ягъэвар. Усэшхуэ щIатащ ТекIуэныгъэм. Дэ къалэн диIэщ Хэку зауэшхуэм и пэжыр тхъумэну, ди щIэблэм яжетIэну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ пцIым зыщытхъумэфынущ, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм хэтхэм зи гугъу ящI Iуэхугъуэр я лэжьыгъэм къызэрыжьэхэуэмрэ Iэмалу къагъэсэбэпхэмрэ теухуауэ къэпсэлъащ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм зэпымыууэ щыхагъахъуэ центрым и унафэщI Къэжэр Артур.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн и жыIэм къыхигъэщащ щIалэгъуалэм я хьэлщэныр псыхьа хъунымкIэ нобэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм хуэдэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIахэр, СВО-м и лIыхъужьхэр зэIущIэм къыщыпсэлъащ. «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм СВО-м щыIахэм, щыIэхэм, абыхэм я унагъуэхэм зэрадэIэпыкъур къызэзыгъэпэщ ПщыхьэщIэ Ахьмэд мащIэу игугъу ищIащ зауэ гъуэгуанэм и нэгу щыщIэкIахэм.

- Сэ сыщIапIыкIащ Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я хъыбархэм. Дауи, ахэр щапхъэ схуэхъуащ. СВО-м щыIэ щIалэ хахуэхэм ноби ядызолъагъу Хэкур хъумэным теухуауэ я къалэныр къимыкIуэту зэрагъэзащIэр, къэралым хуаIэ лъагъуныгъэр. Нобэрей зауэлIхэм щапхъэ яхуэхъуащ Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызыгъэлъэгъуахэм я хъыбархэр, - жиIащ абы.

Зэхыхьэм щагъэлъэгъуащ «Битва за Кавказ: непокорённый хребет» фильмыр. Ари совет сэлэтхэм яхэлъа хахуагъэм щыхьэт техъуэ лэжьыгъэщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэчий зыбгъэдэлъ бзылъхугъэм и усэхэр

● ТхылъыщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ паркым ит галереем зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Филолог, журналист цIэрыIуэ, усакIуэ Мякининэ Алёнэ и усэ тхылъщ абы утыку къыщрахьар. «Мохо» зи фIэщыгъэ IэдакъэщIэкIым къызэхуишэсат Алёнэ и лэжьэгъухэр, ныбжьэгъухэр, Iыхьлы-благъэхэр.

ПШЫХЬЫР зэрыщыIэнум и хъыбар сэ «сэзыгъэщIар» КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэ Болэт Арсенщ, нэхъ пэжу жыпIэмэ, Инстаграмым абы къритха тхыгъэрщ. «Алёнэ и биографие птхыну иджыри пасэщ, ауэ апхуэдэ зэман къэсынущ. Сэ ар хьэкъыу си фIэщ мэхъу. И тхылъыр, зи цIэр псалъащхьэ хуэхъуа бзу цIыкIум хуэдэу куэдрэ узыхуэмызэ къэхъугъэ гуэрщ, щIэщыгъуэщ. Абы и усыгъэр псоми зэхуэдэу къагурыIуэнукъым. Ар зыхуэтхэр и щхьэрат, и лэжьыгъэхэр дунейм къытригъэхьэн Iуэхуи зэримыхуэурэ зэман кIуащ. Зэгуэрым тегушхуащ ахэр къытригъэдзэну. Усэм сэ бэлыхьу хэсщIыкIыркъым, кIыхьу и гугъу сщIын хуэдэу, ауэ Алёнэ и цIыху щIыкIэм сытепсэлъыхьыфынущ. ЦIыхугъэшхуэ, шыIэ, пэжыгъэ хэлъщ, псэ пIащIэщ. Урысейм щынэхъыжь дыдэ уэркъ лъэпкъхэм ящыщ Мякининхэрэ адыгэ Джэрыджэхэрэ я лъым къигъэщIа зэчийщ ди нэгу щIэкIыр. Си гуапэщ Алёнэ и япэ усэ тхылъыр къыщыдэкIар «Налшык» газетым щыщылажьэ зэманым зэрырихьэлIар. Зэгуэр IукIыжат хъыджэбзыр ди редакцэм, къигъэзэжын Iуэху зэримыхуэу. ЗэрыщIезгъэгъуэжыфам ноби сринасыпыфIэщ», - щетх Арсен Интернет напэкIуэцIым.

Тхылъым пэублэ псалъэ хуэзыщIа Щомахуэ Дарье Мякининэм и усыгъэр фIы дыдэу къызэрыгурыIуэр наIуэщ. Ар кууэ топсэлъыхь бзылъхугъэм и гурыщIэхэм, ахэр тхылъымпIэм зэрынихьэсым, цIыхухэм я псэм и къалэмыпэмкIэ лъэIэсын зэрыхуэзэфIэкIым. «Мякининэм и усэхэм ар зытхам и псэри, къеджэм ейри «къатIэщI». Дыкъэзыухъуреихь дунейм и теплъэмрэ абы узригъэгупсысхэмрэ щыкуэдщ Алёнэ и усэхэм, ауэ къебжэкI къудейуэ зэрыщытыр уигъэлъагъукIэ зэфIэкIыркъым, атIэ абыхэм къашэ гурыщIэр зыхыуегъащIэ. Узыр пщхьэщызыхыр гукъыдэжырщ, ар уиIэмэ сыт хуэдэ гугъехьми упэлъэщынущ. А гупсысэр щыпхишын лъэкI усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм. Узыхэдэн-узыхэплъыхьыни къыпхуегъанэ, узыгъэгупсысэни куэду яхэлъщ», - щетх Дарье и тхыгъэм.

Тхылъым и иужьрей напэкIуэцIхэм къыщыхьащ Алёнэ и шыпхъу, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Мякининэ Оксанэ и тхыгъэ, и анэкъилъхум и IэдакъэщIэкIхэр щызэпкърихыу. Абы зыкъеумысыж ар зы лъэныкъуэкIэ зэрымыIуэху тыншымкIэ, ауэ усэхэр къызыпкърыкIар зэрыпщIэм Iуэхур къызэрыпщигъэпсынщIэмкIэ. «Ди адэ-анэр сытым дежи къыддэгушыIэрт: «Тхылърэ пианинэрэ фIэкIа хъугъуэфIыгъуэ фимыIэу хэт мыгъуэ фэ фызышэнур» жаIэу, - етх Оксанэ. - Ар жызыIэ ди адэм и гъащIэ псом тхылъ зэхуихьэсащ, къэгъуэтыгъуейхэр пхъуантэм дэлъу унэм къихьу. Си шыпхъум и усэхэм сыкъыщеджэм и деж тхылъ куэдыкIейхэр зытелъ дапхъэхэращ си нэгу къыщIыхьэри». АдэкIэ Оксанэ сатыр-сатыру зэпкърех Алёнэ и усэхэр, абыхэм ящIэлъ гупсысэр, укъызыхуагъэушымрэ укъызыхурагъэзымрэ, нэгъуэщI куэди.

«Мохо»-м теухуа пшыхьым къыщыпсэлъахэм гъэхуауэ я гугъу ящIащ бзылъхугъэм и зэчийми, и лэжьыгъэ-цIыхугъэми, усэхэм я фIагъми, нэгъуэщI куэдкIэ усакIуэм зэрыщыгугъыми. Ар ягъэгушхуэу, и Iуэху даIыгъыу къызэхуэсахэм гукъыдэж ягъуэтауэ, усэ куэд щIэдэIуауэ зэбгрыкIыжахэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мэзхэр дывгъэхъумэ

ЩIэныгъэм и лъэныкъуэ куэдым тепсэлъыхь къэрал зэхуаку журналхэм язым къытехуа тхыгъэм зэритымкIэ, «ди планетэр цIыхухэр щымыпсэужыф хъунымкIэ къэнэжар илъэс 30-40 къудейщ».

ДЫКЪЭЗЫГЪЭГУЗАВЭ апхуэдэ егупсысыкIэм зэдыхуэкIуащ Тьюринг Алан и цIэр зезыхьэу Инджылызым и къалащхьэ Лондон дэт щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ Акино Херардэрэ Америкэ Ипщэм хыхьэ Чили къэралым Тарапакэ и цIэр зезыхьэу щыIэ университетым и профессор Болонья Маурэрэ.

ЩIэныгъэм а и IэнатIэм зэришэлIа еджагъэшхуитIым гъэщIэгъуэн тщыхъуа я егупсысыкIэр къызыхахар мы зэманым ди планетэм и лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкI зауэ зэпэщIэувэныгъэр аракъым, атIэ, зэрыщыту къэтщтэн-щи, ЩIы Хъурейм мэзхэр щысхьыншэу зэрыщраупщIыкIырщ.

Еджагъэшхуэхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм дыкъытемыкIыу иджыри илъэс 30 - 40 хуэдиз едгъэкIуэкIыжмэ, шэч зыхэмылъыжыр аращи, жыг гуэрэнышхуэхэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, ЩIы Хъурейм тебзэхыкIынущ. Ауэ щыхъукIи, планетэр зи хэщIапIэ цIыхухэми хьэкIэкхъуэкIэхэми сэбэп къытхуэхъужыфынукъым алъандэрэ дыкъэзыхъумэу къыддэгъуэгурыкIуа дунейпсо щIыуэпсыр (экосистемэр).

Уегупсыс зэрыхъунумкIи, псыIагъэм и къекIуэкIыкIэр зэзыгъэзахуэ, щIыгулъыр зыхуей хуэзыгъэзэ, уеблэмэ къэзыхъумэ, дызэрыбауэ лъышэр (кислородыр) къэзыгъэщI щхъуантIагъэ абрагъуэхэр димыIэжмэ е ар къызэрымыкIуэу къыдэмэщIэкI хъумэ, «щытщIэн щыIэжкъым» жыхуаIэу, дызытес уафэщIым ущыпсэужыфыныр фIэщщIыгъуейщ.

Зи гугъу тщIы еджагъэшхуэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, лъэхъэнэ жыжьэхэм, планетэр зи хэщIапIэ цIыхухэр я бжыгъэкIэ иджыри щымащIэ дыдэм, ЩIы Хъурейм мэзу тетам километр зэбгъузэнатIэу мелуан 60-м щIигъу къызэщIаубыдэрт. Дызэрыт зэманыр къэтщтэнщи, ди планетэм а бжыгъэр зэрыщыхъужыр километр зэбгъузэнатIэ мелуан 40-м нэблагъэщ. Абы щыгъуэми, зэрынэрылъагъущи, жыгхэр зэрыщраупщIыкIым щIагъэхуабжьэ зэпытщ.

Ауэ, итIани, къыхэгъэщыпхъэщ хэкIыпIэ къытхуззылъыхъуэу фIым щыгугъхэм зи гугъу тщIы физикхэри зэращыщыр. Абыхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, ди планетэм зэрыщыту къатщтэмэ и щIыуэпсыр емыкIаIуэу къызэтегъэнэнымкIэ сэбэпышхуэ хъунут къэрал куэдым я еджагъэшхуэхэм «Дайсон и сферэ» зыфIаща ухуэныгъэ абрагъуэу Дыгъэм и гуащIэмрэ и хуабэмрэ зэхуэзыхьэсыжым ещхьэр, иужькIэ ЩIым къыхуиутIыпщыжын хуэдэу, хьэршым щаухуатэмэ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

И куэдщ щIэупщIэ

Интернетыр къагъэсэбэпу цIыхухэм хьэщIэщхэм зыщрагъэтх «Санатории-России.рф» порталым иджыблагъэ наIуэ къищIащ щIымахуэ блэкIам къриубыдэу къэралым и щIыналъэхэм я санаторэрэ курорту щIэупщIэ нэхъыбэ зиIахэм я рейтингыр. Ар зытращIыхьар жэщ-махуэу абыхэм зэрыщыIам и куэдагъымрэ къапщытэж пIалъэм хэхъуэу къагъэлъэгъуамрэщ.

КУРОРТХЭМКIЭ лъэпкъ зэгухьэныгъэм и правленэм хэт Тереньевэ Евгение зэрыжиIамкIэ, щIымахуэ блэкIам щIэупщIэ нэхъыбэ зиIар Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ я зыгъэпсэхупIэхэрщ.

КъиIщынэмыщIауэ, «Санатории-России.рф» интернет-порталым къызэритамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - мазаем къриубыдэу ди республикэм и санаторэхэм псори зэхэту мин 89-рэ хуэдизрэ туристхэр нэху къыщекIащ икIи дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ сом мелуани 110-рэ къалэжьащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 60-кIэ нэхъыбэщ ар.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Иужь илъэситхум щыяпэу

● Футбол

«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (0:2). Мейкъуапэ. Адыгейм и республикэ стадион. Мэлыжьыхьым и 13-м. ЦIыху 265-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Шипков (Белореченск), Бэхъус, Афонин (тIури Краснодар щыщщ).

«Дружба»: Хьэшыр Т., Черджиев, Гаджимагомедов, Мохбалиев (Зезэрахъэ, 76), Магомедбеков, Юшко (Цанавэ, 46), Къуэблэ, Сергеев (Малкандуев, 60), Кравченкэ (Антоненкэ, 46), Делэкъу (Рагулькин, 60), Абдуллаев.

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Хизриев (Джыназ, 81), Къардэн, Чичбэ (Шэрджэс, 88), Гъуэгузокъуэ, КIэдыкIуей, Блий, Далиев, Хьэшыр А., Лысенкэ (ЛIуп, 76), Мусаев (Мэшыкъуэ, 81).

Топхэр дагъэкIащ: Хизриевым, 35, (0:1). Мусаевым, 41 (0:2). Зезэрахъэм, 83 (1:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Мусаевым.

ЗЭКЪУЭШ республикэхэм я командэ нэхъыфIхэм я зэIущIэхэм Мейкъуапэ къыщыпащащ мэлыжьыхьым и 13-м. Бэрэжьей кIуам Черкесск къикIа «Нартым» дэджэгуа иужькIэ, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, «Спартак-Налшыкыр» Адыгейм и къалащхьэм кIуат.

Иужь лъэхъэнэм ди щIалэхэм Мейкъуапэ яхуэугъурлакъым. ЖыпIэну ирикъунщ илъэситхурэ ныкъуэм зэрыщIигъуар абы кIуауэ налшыкдэсхэр зэи къызэрыхэмыжаныкIыфар. Дауи, гурыIуэгъуэщ, алъандэрэ зы текIуэныгъи а къалэм къызэрыщамыхьар.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэр «Дружба»-м щIагъуэу иригъэжьакъым - пэщIэдзэ джэгугъуищри абы фIахьащ, «Нартри» къазэрытекIуар яхэту. ЕплIанэ зэIущIэращ зы очко закъуэ къащыхуэхьар.

Махуищ ипэкIэ Сочэ щыIэу япэу къызэрыхамыгъэщIам зи гукъыдэжыр хэпщIыкIыу къиIэта мейкъуапэдэсхэр нэхъыбэжкIэ щыгугъырт «Спартак-Налшыкым» зэрыIущIэнум. АрщхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэри хущIэкъурт иужь илъэс зытхухым Адыгейм щызэхуэмыхъуа псори гъэзэкIуэжын щIадзэну.

ЛъэныкъуитIми джэгур хуэсакъыпэурэ ирагъэжьащ. Хэгъэрейхэм зэрахабзэу, «Дружба»-р къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэу хуежьащ. «Спартак-Налшыкыр» абы зыкIи къыпикIуэтакъым. Уеблэмэ, мыгувэу тепщэныгъэр джэгупIэ губгъуэм щызыIэригъэхьащ. Абы къикIуащ 35-нэ дакъикъэм хьэщIэхэр япэ ищыныр. Ди гъуащхьэхъумэхэм ящыщ Хизриев Гамзат лъэщу зэуа топым мейкъуапэдэсхэм я гъуащхьэтетыр пэлъэщакъым.

Бжыгъэр къызэрызаIуахам игъэгушхуа налшыкдэсхэм я тепщэныгъэр нэхъ иныж хъуащ. Абыхэм хэгъэрейхэм топыр лъагъэсыжыхэтэкъым. Аргуэру дакъикъитху дэкIри, КIэдыкIуей Хьэким къызэригъэпэща Iэмал гъуэзэджэр Мусаев Магомоед къигъэсэбэпащ. Арати. 2:0-у ди щIалэхэр япэ ищауэ загъэпсэхуну командэхэр икIащ.

Джэгум щрагъэжьэжами, хьэщIэхэр нэхъ жыджэрт. Пэжщ, зыкъомрэ бжыгъэм зихъуэжакъым. «Спартак-Налшыкыр» абыкIэ арэзыт, «Дружба»-м Iэмал иIэтэкъым. 83-нэ дакикъэращ мейкъуапэдэсхэр къыщыхэжаныкIар.

АдэкIэ ущыгугъ хъунут къэнэжа зэман мащIэм бэнэныгъэ гуащIэ къызэщIэплъэну. Арaщ зыхущIэкъуар хэгъэрейхэр. Ахэр щIэхъуэпсырт зы очко нэхъ мыхъуми кърагъэлыну. А Iуэхум щыпэгъунэгъуаи къэхъуащ. АрщхьэкIэ джэгур 2:1-уэ иухащ, налшыкдэсхэм я текIуэныгъэр нэхъ иныж хъуфынут, ауэ зэIущIэм и кIэух дыдэм Хьэшыр Алан и закъуэу зыбгъэдыхьа и унэкъуэщ Тамерлан ебзэджэкIыфакъым.

А махуэм зэхэта адрей зэIущIэхэм къахэгъэщхьэхукIыпхъэщ иджыри къэс зыми темыкIуэфа «Астрахань»-м бжыгъэшхуэкIэ, 7:0-у, «Динамо»-р Мэхъэчкъалэ щыIэу зэрыхигъэщIамрэ «Сочи-2»-р зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ зым Севастополь зэрыщефIэкIамрэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсмахуэ щекIуэкIа зэIущIэхэм: «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Рубин**» (Ялтэ) - 1:1, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **0**:**7**, «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **2**:**0**, «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **1**:**1**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Сочи-2**» (Сочэ) - **1**:**4**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **1**:**1**.

Щэбэт къакIуэ, мэлыжьыхьым и 19-м, зи чэзу джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм ди щIалэхэм Налшык къыщрагъэблэгъэнущ «Севастополь»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Ростов-2»**	**5**	**3**	**2**	**0**	**10-2**	**11**
2.	«Сочи-2»	5	3	2	0	10-4	11
3.	«Легион»	5	3	1	1	8-4	10
4.	«Севастополь»	5	3	1	1	11-10	10
5.	«Кубань Холдинг»	5	2	3	0	8-5	9
6.	«Динамо Ставрополь»	5	2	2	1	8-7	8
7.	«Рубин»	5	2	2	1	3-3	8
8.	**«Спартак-Налшык»**	**5**	**2**	**1**	**2**	**7-6**	**7**
9.	«Победа»	5	2	1	2	5-6	7
10.	«Астрахань»	5	1	2	2	10-7	5
11.	«Нарт»	5	1	2	2	4-7	5
12.	«Ангушт»	5	1	0	4	4-8	3
13.	«Дружба»	5	0	1	4	7-11	1
14.	**«Динамо-2»**	**5**	**0**	**0**	**5**	**1-16**	**0**

● КъБР-м и МВД-м къет

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ

КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым и лэжьакIуэхэм, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу республикэм щыIэм и ОМОН-м къыдиIыгъыу, Шэджэм къалэм щыщ, нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 39-рэ зи ныбжь цIыхухъум и лъапсэр щIапщытыкIащ. Абы и пэшым къыщагъуэтри къытрахащ, экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, IэрыщI фоч, пIатIрону 5, бгъауэ хъуну.

ЦIЫХУХЪУМ зэрыжиIамкIэ, фочымрэ пIатIронхэмрэ нэгъабэ щэкIуэгъуэм гъунэгъу щIыналъэм къыщищэхуащ.

Урысей МВД-м и Шэджэм район къудамэм и IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэ- жьауэ шэч хуащIу.

Хабзэр гъэзэщIэнырщ нэхъыщхьэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и автоинспекторхэмрэ суд приставхэмрэ яубыдащ щIыхуэ зытелъым и транспортыр.

РЕСПУБЛИКЭМ щокIуэкI гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпызыудахэм тралъхьа къуэдыр зымытхэр къыщIэгъэщыным икIи щIыхуэр егъэпшыныным ехьэлIа Iуэхухэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и лэжьакIуэхэм, «Бэджыхъ» Iэмалыр я дэIэпыкъуэгъуу къыщIагъэщащ «FORD»-р зейм щIыхуэу сом мин 300-м щIигъу телъу, абы щыщу мини 126-р гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр уэим зэрищIам къыхэкIыу хуатхат.

Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм автомашинэр къыщагъэувыIа щIыпIэм ираджащ суд пристав-гъэзэщIакIуэхэр икIи абыхэм транспортыр щIыпIэ хэхам щагъэуври, ар зейм хамыгъэзыхьу щIыхуэр щипшыныжыну зэманыр хуагъэлъэгъуащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и управленэм рулым дэсхэр къыхуреджэ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэм тетыну.

ЦIыхухъум зеумысыж

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щиIэ къудамэм 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м зыхуигъэзащ илъэс 30 зи ныбжь, Сэрмакъ къуажэм щыпсэу цIыхухъум. ЗэрыжиIамкIэ, илъэс кIуам и дыгъэгъазэм абы ищэну яужь ихьащ «Лада Приора» и автомашинэр. Абы зыкъыхуигъэзащ Зеикъуэ къуажэм щыпсэум икIи зэгурыIуащ транспортыр сом 500000-кIэ ар ищэхуну. ЩэхуакIуэм къигъэгугъащ махуи 3-5-м къриубыдэу ахъшэр къритыну. АрщхьэкIэ а зэманыр дэкIри, автомашинэр зыIэрыхьам телефоныр къытримых хъуащ.

IУЭХУХЭР щрагъэкIуэкIым Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм яубзыхуащ илъэс 33-рэ зи ныбжь, нэхъапэм суд зытращIыхьа, Бахъсэн районым щыпсэур здэщыIэр.

Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ икIи жиIащ автомашинэр сом 390000-кIэ ищэу ахъшэр езым къызэрызыхуигъэнар.

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щиIэ и къудамэм и Следственнэ IэнатIэм шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Ахъшэр зыкIэщIиупщIащ

КъБР-м щыIэ МВД-м 2025 гъэм мазаем и 23-м зыхуигъэзащ илъэс 32-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу, Налшык къалэм Кулиевым и проспектым тет, хьэпшыпхэр къэзыщэхуахэм щратыж пунктым и унафэщIым. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, пунктхэм язым къыщихутащ сом мин 700-кIэ къызэрыщIэхуар.

КИБЕРЩIЭПХЪАДЖАГЪЭХЭМ япэщIэтынымкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ пунктым и лэжьакIуэ, илъэс 24-рэ зи ныбжь, Тэрч районым щыщ цIыхубзым хьэпшыпхэр къезыгъэхьахэм зэрыритыжар, ауэ фирмэм «Хьэпшыпым къэрагъэгъэзэж» и программэм Iуэхутхьэбзэхэр къыщигъэлъагъуэурэ, иужькIэ ахъшэр клиентхэм къыхуагъэхьыжырт. АдэкIэ хъыджэбзым хьэпшыпхэр зейм елъэIурт а ахъшэр езым и банк картэм къагъэкIуэну.

Тэрчдэсым илэжьамкIэ зиумысыжащ икIи жиIащ апхуэдэ щIыкIэкIэ сом 798235-рэ зэрызыкIэщIиупщIар.

Шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ **ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр №795

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.